

PESISIR

Majalah Basa Cerbon Dermayu



9 772356 134005

Perayaan Rayat

Drs. Umar Solikhan, M.Hum.
(Kepala Balai Bahasa Jawa Barat)
Ningkataken Budaya Literasi Teng Jawa Barat

BALAI BAHASA JAWA BARAT

Volume 5, Nomor 2, Desember 2019

ISSN 2356-1343

PESISIR

Majalah Basa Cerbon Dermayu



Pemimpin Redaksi

Drs. Umar Solikhan, M.Hum.

Redaktur

R. Yulli Adam Panji Purnama, M.Sn.

Devyanti Asmalasari, S.S., M.Pd.

Desain Grafis

Harris Sukristian

Fotografer

Setiawan

Redaksi majalah *Pesisir* nampi tulisan liputan budaya, puisi, crita cindek, piwulang, panganan, guyonan, lan segala rupa tulisan seni budaya lan basa Cerbon-Dermayu. Tulisan diketik 1,5 spasi, maksimal 3 lembar A4, dilampiri identitas, poto diri, poto liputan, lan keterangane. Kirim liwat alamat redaksi utawa pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Alamat Redaksi

Balai Bahasa Jawa Barat

Jalan Sumbawa Nomor 11 Bandung

Telepon: (022) 4205468, Faksimile: (022) 4218743

Laman: www.balaibahasajabar.web.id, Pos-el: majalahpesisir@yahoo.co.id

Ater-Ater

Alhamdulillah, Majalah Pesisir saged medal malih kanggé Volume 6, Nomer 2, Desember 2019 puniki. Ngentosi majalah ingkang medalé saben enem sasih, pancén lami. Nanging kenyataan puniki ingkang nembé saged disukakaken Redaksi kanggé nyiaraken perkawis basa, sastra, lan kemasyarakatan teng wewengkon wilayah kabudayan Cerbon-Dermayu.

Tema kangge edisi Desember puniki yaiku *Perayaan Rayat* ingkang dipun angkat teng rubrik Nyawang (kaca 3—5). Masih kaitanipun sareng perayaan rayat, wonten rubrik Krusukan kelayan judul “Perayaan Ngunduh Mantu Mungguh Adat Dermayu” (kaca 14-15), “Wonten Sandakala Gelar Basa Dermayu teng Festival Drama” (kaca 16—17), “Anugerah Wiratara Basa Cerbon Sketsa Pribumi 2019” (kaca 18), “Muludan: Ndeleng Rame-rame ning Kasepuhan” (kaca 19), “Satowan Mitis “Buyut Gruda” Gegesik” (kaca 20), lan “Ngarak “Buyut Gruda” Gegesik” (kaca 21). Ugi wonten rubrik Napak Tilas ingkang ngangkat tempat-tempat ingkang wonten kaitane sareng perayaan rayat kelayan judul “Balong Dalem Mancuraken Toya Kelanggengan” kaca 6) lan “Kayu Perbatang Mancur Jaya” (kaca 7).

Ugi wonten profil Kepala Balai Bahasa Jawa Barat dipun angkat wonten dateng rubrik Penggede kelayan judul “Drs. Umar Solikhan, M.Hum. (Kepala Balai Bahasa Jawa Barat): Ningkataken Budaya Literasi teng Jawa Barat” (kaca 8-9).

Wonten dateng Majalah Pesisir edisi ingkang saniki kathah sanget kiriman artikel ingkang angrupakaken karya sastra, utamanipun crita cindek lan puisi. Wonten crita cindek Jaki Yudin, “Gedong Kuning” (kaca 24) lan crita cindek Kusyoto, “Tambangan” (kaca 27). Ugi wonten crita nyambung Muhammad Mukhtar Zaedin, “Molana Hidayatullah Pinanggihlan Pangeran Walangsungsang: Sinalin Saking Naskah Babad Cerbon” (kaca 30). Sanesipun crita cindek lan crita nyambung, wonten puisi-puisi Davina Fauziah Nurizzati (kaca 33) lan puisi-puisi Lusiana Nur Sa'adah (kaca 34).

Saliyane artikel ingkang wonten kaitane sareng perayaan rayat, wonten artikel seratan Imam Emje teng rubrik Kawruh Basa kelayan judul “Cindek, Cekak, Pendek, Buntek, Ceret, lan Kutet” (kaca 23). Ugi teng rubrik Piwulang, pamaca dipun ajak ngweruhi karakter anak teng seratan Kusyoto kelayan judul “Nyiapaken Karakter Anak” (kaca 37). Mboten ketinggalan seseratan khas Pesisir yaiku “Jondol” (kaca 40).

Sanés kirang pemaklum upami maksih wonten perkawis ingkang déréng kaserat. Sumangga, teng wedalan selanjengé saged nambah rupi seratan ingkang wonten kaitan sareng basa, sastra, aksara, lan kabudayan Cerbon-Dermayu. Sumangga.

Bandung, Desember 2019
Redaksi

DAFTAR ISI

NYAWANG

Perayaan Rayat. **3**

NAPAK TILAS

Balong Dalem Mancuraken “Toya Kelanggengan. **6**

Kayu Perbatang “Mancur Jaya”. **7**

PENGGEDE

Drs. Umar Solikhan, M.Hum. **8**

KRUSUKAN

Nyebaraken Gerakan GLN Teng Cerbon. **10**

Penyuluhan Nganggé Basa Umum Teng Indramayu. **12**

Perayaan Ngunduh Mantu Mungguh Adat Dermayu. **14**

Wonten Sandakala Gelar Basa Dermayu Teng Festival Drama. **16**

Anugérah Wiratara Basa Cerbon Sketsa Pribumi 2019. **18**

Muludan: Ndeleng Rame Rame Ning Kasepuhan. **19**

Satowan Mitis “Buyut Gruda” Gegesik. **20**

Ngarak “Buyut Gruda” Gegesik. **21**

Ayo Numpak Citros. **22**

KAWRUH BASA

Cindek, Cekak, Pendék, Buntek, Cérét Lan Kutét. **23**

PANGGUNG

Cerkak: Gedong Kuning. **24**

Cerkak: Tambangan. **27**

Crtita Nyambung: Molana Hidayatullah Pinanggihlan Lan Pangeran Walangsungsang (Sinalin Saking Babad Cirebon). **30**

Puisi. **33**

PIWULANG

Yarnen, Bayar Utang Pas Panen. **35**

Nyiapaken Karakter Anak. **37**

PANGANAN

Sari Kacang Ijo. **39**

JONDOL

Aja Bribin. **40**

PERAYAAN RAYAT

déning DEVIYANTI ASMALASARI



Perayaan rayat utawi pesta rayat ngrupiaken satunggaling acara ingkang dipun laksanakaken saking rayat minangka festival budaya. Tujuanipun perayaan rayat puniki minangka wujud syukur dumateng kasil lan ngungkapaken rasa bagja. Perayaan rayat sifatipun sosial lan ngutamaaken gawe sesarengan. Gawe sesarengan teng perayaan rayat saged dados nggambaraken menusa sacara sosial ingkang kathah syukuran kelawan cara-cara ingkang tamtu. Masyarakat uga ngajeni limpahan rezeki ingkang disukani alam lan Gustine.

Masyarakat Indonesia saking ujung Kulon sampe ujung Wetan nggadahi macem-macem budaya. Tradisi-tradisi unik teng Indonesia maksih dipun jaga sampe sekien. Tradisi bengien wonten keranten pengaruh saking animisme, kepercayaan, Hindu-Budha, ugi Islam. Wontenipun sajen, menyan, sampe kepercayaan wontenipun ingkang gaib dipun nyatakaken gabungan pengaruh hal kasebut. Teng masa Islam aktivitas upacara adat tetep dilakokaken kelawan ritual donga-donga sacara Islami, kadosdene ing upacara adat Nadran, Ngunjung, Ngarot, Baritan, Sedekah Bumi, Mapag Tamba, Mapag Sri, lan sanese.

Tradisi-tradisi puniku ngrupiaken wujud syukur masyarakat dumateng alam lan Gustine. Nadran ngrupiaken upacara adat minangka wujud syukur kaum nelayan dumateng alam (laut) lan Gustine. Teng upacara puniku wonten kepercayaan mulang trima. Sedekah Bumi ngrupiaken upacara adat desa minangka wujud syukur dumateng alam (bumi) ingkang dipun gelar

sesampune panen. Mapag Sri ngrupiaken upacara adat desa minangka wujud syukur dumateng musim panen pari. Baritan ngrupiaken upacara adat desa ingkang dipun gelar teng perempatan dalan minangka wujud kanggo tolak bala (ngusir penyakit). Upacara mapag tamba dilakokaken nalika pari teng sawah awit dibersihaken saking suket lan ngantisipasi dumateng hama. Tamba ing upacara puniki ngrupiaken toya bekas tradisi Panjang Jimat teng keraton.

Teng wilayah Indramayu wontene pinten-pinten upacara adat ingkang gadahi nuansa kasundaan, kadosdene Ngarot lan Jaringan. Pengaruh Kerajaan Sumedang-larang kedeleng ing upacara Ngarot ingkang gadahi nuansa kasundaan. Ngarot ngrupiaken upacara adat desa ingkang wonten teng sebagian desa teng Kecamatan Lelea lan sebagian Kecamatan Cikédung ing nyambut musim tandur. Wontenipun upacara Jaringan minangka adat pergaulan wong enem ing ngilari jodoh kelawan warna lokal kasundaan. Istilah Jaringan, yaiku tradisi kanggo njaring wong wadon ing upaya nggoleti jodo. Tradisi puniki cuman wonten teng Desa Ilir lan Parean Girang Kecamatan Kandanghaur ing bengi padang sahih.

Kajaba upacara adat desa, wonten ugi ritual ingkang dilakokaken keluarga, kadosdene upacara Ngupati/Gawe Kupat, Mitung Sahih/Memitu, Puputan Bayi, Gawe Aran, Puputan Umah, Sunatan, Rasulan, kawinan sampe kematian ingkang diperingati kelawan urutan Nelung Dina, Mitung Dina Matang Pulu, Ngatus, Mendak, Mendak Pindo, lan Ngewu.

Perayaan Keagamaan

Budaya Cirebon kental sanget saking agama Islam. Inggih punika dados nglairaken adat ingkang dipun jaga saking masyarakat Cirebon. Pinten-pinten tradisi teng Cirebon dipun pahami minangka warisan saking para leluhur dados pantes kanggo dipun lestariaken lan dipun jaga. Pinten-pinten tradisi ingkang maksih saged dilakokaken teng Cirebon, yaiku Suroan, Saparan, Mauludan, Rajaban, Ruwahan, Syawalan, slametan, khitanan, kawinan, kematian, lan sanese.

Suroan, yaiku meringati taun baru Islam lan Jawa ingkang tiba ing tanggal 1 Muharram. Tanggal 10 Sura medamel bubur sura keratonan, selajenge dibagiaken dumateng keluarga, kerabat, lan rayat, kelawan harapan utawi donga ing ngadepi pinten-pinten cobaan lan nolak bala, ugi njaluk pitulung Allah Swt. Syafaran selamatan apem. Muludan dipun kenal kelawan sebutan upacara tradisi Panjang Jimat, dilaksanakaken ing tanggal 12 Mulud Taun Aboge. Ing muludan puniki kathah masyarakat teka ing keraton kanggo nyaksiaken upacara adat lan silaturahmi saking Sultan. Rajaban, yaiku pamacaan kitab basa Jawa tentang Isra Mi'raj Nabi Muhammad saw. Acara puniki dilaksanakaken tanggal 27 Rajab lan dihadiri saking kerabat, keluarga, lan magersari. Ruwahan, yaiku pembacaan kitab Rowah tentang acara Nifsu Sya'ban kaya Rajaban. Gerebek Syawal, sesampune ngelakokaken puasa syawalan ing tanggal 7 Syawal, selajenge ngelakokaken Gerebek Syawal teng Astana Gunung Sembung.

Salah satunggaling upacara kegamaan ingkang kehitung ageng, yaiku upacara Panjang Jimat. Panjang Jimat dilokakaken kanggo meringati dina lairan Nabi Muhammad saw. saban tanggal 12 Rabiul Awal. Teng Cirebon, sasih Rabiul Awal dipun sebut ugi sasih Muludan. Tigang keraton teng Cirebon, yaiku Keraton Kasepuhan, Keraton Kanoman, lan Keraton Kacirebonan melu ngrawat tradisi puniki.

Panjang Jimat teng Keraton Kasepuhan

Urutan acara Panjang Jimat dipun awit teng tanggal 15 Safar puniku ngrupa pembuatan bekaseman ulam dipun mlebet teng guci lan salebetipun dipai rempah-rempah. Ulamipun ulam kakap, laya puniku dipun damel tanggal 15 Safar teras disambung kelawan bersih-bersih keraton (sekalian dilabur) maksih teng tanggal ingkang sami. selajenge 20 Safar Nyi Raden lan Ratu medamel racikan lan ngerik kayu kanggo boreh.

Tanggal 1 Maulud kerikan kayu dipipis (kanggo pembuatan boreh) ingkang bakal dibagiaken kanggo acara Maulid. Kayunipun kayu cendana lan kayu wangi. Borehanipun kanggo kecantikan (lulur) terus tanggal 5 puniku siraman piring panjang. Piring panjang puniki ingkang bakal dienggo teng acara Panjang Jimat.

Piring panjang yaiku piring ingkang keramik China ingkang wonten dipun simpen teng Museum Pusaka. Tanggal 5 Maulid uga sesampune siraman wonten pem-

bukaan baceman ulam. Ulam puniki dibacem sekitar 20 dina teras ing dina kasebut tamu bakti sampun teka. Tamu bakti puniki tamu-tamu saking desa-desa lan tanggal 8 Maulid wonten acara Pelal Alit. Pelal Alit ngrupiaken syukuran saderenge Pelal Ageng. Selajenge tanggal 10 Maulid, Nyi Penghulu mangsak sega adon-adon lan sega uduk teng dapur Mulud. Sega adon-adon puniku sega ditanak nggunakaken minyak kadosdene sega kebuli. Teras persiapan tanggal 10 Maulid para ratu ingkang dipimpin ahli sesaji nyiapaken kanggo Panjang Jimat.

Urutan acara Panjang Jimat teng Keraton Kasepuhan Cirebon:

- 5 Sapar (5 Oktober 2019) medamel ulam bacem
- 15 Sapar (15 Oktober 2019) selamatan apeman, Tabligh Akbar teng Masjid Agung Sang Cipta Rasa, lan ziarah teng Astana Gunung Jati
- 15 Sapar (15 Oktober 2019) awit bersih-bersih lan pelaburan
- 20 Sapar (20 Oktober 2019) Nyai, Nyi Raden, lan Ratu medamel racikan lan ngerik kayu kanggo boreh
- 1 Mulud (30 Oktober 2019) kerikan kayu dipipis
- 5 Mulud (4 November 2019) kerikan kayu dimangsak didamel boreh
- 5 Mulud (4 November 2019) siraman Panjang Jimat
- 5 Mulud (4 November 2019) mbuka baceman ulam
- 5 Mulud (4 November 2019) Sultan nampi Tamu Bakti
- 5 Mulud (4 November 2019) Museum dibuka kanggo umum
- 8 Mulud (6 November 2019) Pelal Alit
- 8 Mulud (6 November 2019) bekel Astana Gunung Jati lan para juru kunci Kramat atur bakti nggawa kayu bakar lan sanese, Nyai Jeneng lan Istri Kraman Astana Gunung Jati caos dumateng Raden Ayu kanggo atur bakti Muludan
- 8 Mulud (6 November 2019) kursi Kuning dijukut sewiji saking bangsal lan disimpen teng Keputren
- 10 Mulud (8 November 2019) Nyi Penghulu mangsak Sega Adon-Adon lan Sega Uduk teng dapur Mulud
- 10 Mulud (8 November 2019) para ratu ingkang dipimpin ahli sajen nyiapaken kanggo Panjang Jimat
- 12 Mulud (10 November 2019) persiapan lan Upacara Panjang Jimat

Pelal Muludan

Pelal artinipun puncak, dados upami bengi pelal berarti bengi puncak. Pelal Muludan puniki dilaksanakaken teng keraton. Persiapan acara Panjang Jimat dipun awit medamel sega jimat teng dapur Mulud keranten ingkang dipun mangsak kathah sanget. Selajenge bagian perlengkapan nyiapaken perlengkapan acara kadosdene lilin, damar kurung, dongdang, lan meron. Meronipun ngrupiaken alat angkut kanggo nggawa sega jimat, upami meron puniku bentukipun sae, upami dongdang puniku kadosdene dongdangan. Mboten dipun hias cuman dipun tutup saking kain putih maning.

Acara pelal puniku awit dipun lepas saking sultan, saleresipun acara ritual pelal puniku yaiku pamacaan Maulid lan marhabanan teng Langgar Agung. Tamu ingkang teka teng keraton dipun undang kanggo nyaksiaken iring-iringan panjang jimat. Iring-irungan puniku nggambaraken lairan umat manusia, wonten simbol geti lan ari-ari. Simbolipun wonten toya mawar, wedang serbad, nganti wonten tumpeng jeneng, artinipun unggal lairan manusia puniku dipun pai aran ingkang sae.

Inggang dipun maksud kelawan Panjang Jimat puniku ngrupiaken prosesi. Panjang artinipun tanpa batas, tanpa liren, sepanjang masa, sepanjang zaman. Jimat saking tembung siji kang dirumat ingkang dirawat saking umat Islam, yaiku ajaran kanjeng Nabi Muhammad saw. keranten puniki dina lairan Nabi Muhammad saw, ugi minangka tanda cinta umat Islam sarta minangka pengingat.

Inggang dipun gawa teng iring-iringan puniku, kadosene obor minangka simbol penerangan, minangka simbol Ki Abdul Mutholib nyusul dukun beranak. Teras wonten damar kurung minangka simbol upami lairan Nabi Muhammad SAW puniki dadosaken penerang kanggo alam semesta. Damar kurung puniki wonten pengaruh saking Tiongkok (lampion). Teras wonten panjang satunggaling (panjang puniku piring), piring panjang ingkang tulisaken syahadat.

Piring panjang puniku mboten panjang, tetap bunder. Kenangapa dipun sebat panjang keranten iring-iringanipun panjang. Piring panjang puniku mung pitu ingkang dikeluaraken. Piring puniku dipun isi kelawan sega kebuli sinareng lauk pauk uga buah buahan ingkang sedanten kualitas super. Pitu piring puniku isiipun sami sedanten nanging urutanipun beda. Wonten urutanipun, 7 puniki nyimbolaken urip ing manusia seminggu wonten 7 dina, wonten 7 lapis langit, 7 lapis bumi. Inggang milet iring-iringan cuman ingkang utamanipun ditambah malih ingkang meron. Dados jumlahipun wonten 40. Simbol 40 puniki bengien para wali nggadahi santri minimal 40 santri supaya saged ngelaksanakaken shalat Jumat. Simbol 40 santri utama keranten bengien saged ikatakan santri-santri utawi sahabat-sahabat Sunan Gunung Jati.

Awit acara teng Langgar Agung yaiku pamacaan tawasul teras Al-Fatihah selajenge macakaken kitab Barjanji. Sesampune diwaca teras Marhabanan nganti dibagiaken boreh, simbol ari-ari, wonten kembang goyang, wedang serbad, lan toya mawar. Upami geti simbolipun toya mawar ingkang wernanipun abang. Upami toya ketuban simbolipun wedang serbad ingkang manis. Toya puniku dibagiaken ingkang pemilet Panjang Jimat teng Langgar Agung. Upami pamacaanipun sampun, mila mekaten pembagianipun uga sampun. Dados wonten kemungkinan mboten dibagi sedanten. Inggang diprioritaskan cuman ingkang diamanataken saking sultan.

Keluarga sultan mboten milet teng langgar, cuman adi sultan ingkang milet. Dados ingkang datang teng



Langgar Agung cuman anak sultan, adi-adi sultan, lan keluarga ageng. Inggang mingpin donga, yaiku Kyai Penghulu bagian keagamaan, kaum kyai-kyai saking pesantren ugi milet. Sesampune pamacaan Maulid, sega jimat dibagiaken kanggo kaum, sultan, kerabat keraton, lan para prajurit.

Kanggo Muludan cuman siraman piring panjang, yaiku pusaka-pusaka piring. Seminggu sederenge dipun enggo, piring pajang dipun siram saking kaum masjid, ingkang ngelapipun keluarga sultan. Kanggo nyiram wonten sarana khusus, toyanipun saking Masjid Agung, Langgar Agung, Dalem Agung, Pakung Wati dados saking sumber-sumber khusus. Dados nyiramipun mboten enggo sabun cuman dipun gosok malih keranten piring puniki umuripun sampun 700 taun. Sesampune upacara Panjang Jimat mboten wonten pangumbahan malih, piring panjang cuman dibersihaken. Sesampune satunggaling minggu mbeletaken malih dumateng musium.

Inggang dados rebutan tiyang-tiyang misalipun kaya lilin. Lilin puniku kanggo simbol penerangan. Lilinipun wernane abang, wonten pengaruh China, jumlahipun mboten kehitungan, nanging tempat lilinipun anduweni gaya Eropa. Lilin puniku ingkang dados rebutan keranten dipun yakini bakal dilancaraken sedanten usahanipun. Saderenge puniku sega jimat dibagiaken. Segga jimat puniki mboten segga jimat nanging ingkang terpenting sampun didongaaken. Dados acara ingkang paling sakral puniki ya pamacaan Maulid, Marhabanan, lan donga. Pamacaan Maulid puniku dipun dasaraken naskah Barjanji. Isinipun tentang keduwuran Nabi Muhammad saw.

Harepanipun kanggo tiyang ingkang miletin upacara Panjang Jimat yaitu minangka nerusaken adat lan tradisi turun temurun supaya tambah rukun, tambah guyub maknanipun saking sedanten acara puniki apa mawon ingkang diajaraken saking kanjeng Nabi Muhammad saw. saged dilakokaken. Inggang penting warisan saking para wali khususipun Sunan Gunung Jati teras dipun lestariaken.

BALONG DALEM MANCURAKEN “TOYA KELANGGENGAN”

déning DESI PERSIA

Wwengkoné wonten teng tengah Kota Sumber, Kabupaten Cirebon. Sanajan wonten teng tengah kota, nanging hawa sriwing-sriwing kang dikipasaken saking wana alit teng sekubengé leres-leres kraos. Warga sekubengé nyebut wewengkon wau sareng wasta “Balong Dalem” utawi keceluk uga minangka wewengkon Raden Nyi Mas Rara Kuning Sumber, Sawiji wewengkon kang maksih diopéni keluargi Keraton Kanoman Cirebon. Teng situs wau wonten sawiji balong kang kebek toya bening.

“Toya kang wonten teng lebeté balong wau ngrupiyaken sumber toya kang terus mancur boten lokat pesta,” capé juru kunci Balong Dalem Nyai Samiri (70). Teng dinten-dinten kusus balong puniki dados jujugan wargi saking pinten-pinten dusun. Umumé saking mancakota utawi dusun-susun sekubengé Kota Sumber ingkang mendet toya keramat wau kanggé kepriyogian siram, hajatan, kebon utawi sawah.

Saking data kang dikepalaken Disporbudpar Kabupaten Cirebon nyebataken, Balong Sumber dipun damel taun 1710 nalika Kaeraton Kanoman dipréntah Sultan Bachrudin (Sultan Kanoman IV). Sanésé damel balong kanggé ngopéni ulam, diadegaken uga taman kang asri, kanggé rehaté sultan sedéréngé ziarah teng makam Pangéran Panjunan teng Plangon. Selajengé

panggonan wau disukani wasta “Balong Sumber Taman Keraton Kanoman. Panggonané wonten teng Kelurahan Sumber, Kecamatan Sumber,

Miturut Samiri, wargi nggadahi keyakinan wonten karomah kang kekandung teng lebet toya keramat wau. Upamiyé nalika piyambeké sareng amba kitri 0,616 hektar sareng wangunan kinten-kinten 40 m2.ngawontenaken riya-riya utawi kekawinan, toya balong wau didadosaken campuran kanggé adang sekul. “Toya wau biasanipun ditambahaken ron “pluwi” lan “séla”, pituturé. “Pluwi tegesé langkung rejekiyé, sedeng séla (watu) tegesé wutuh teng sedanten perkawis.

Sanésé dimangpaataken toyahé, wewengkon wau dienggé uga minangka panggonan tirakat. Teng riku wonten griya kajeng ingkang sengaja dienggé minangka panggénan ngaso kanggé peziarah kang badé madangnang lan nentremaken ati sareng ikhtiyar.

“Mboten katah kang dugi teng panggonan niki. Umumé langkung nresnani kanggé ziarah teng wewengkon-wewengkon (situs), kadosdéné Plangon. Talun, Pesalakan lan Pengéran Pasaréyan dianggep nggahi daya tarik kang kiyat,” mbok Samiri netélaaken. “Mung teng sasi maulid mawon wewengkon niki katak dijugi wargi, selangkungé biaya lan sepi.”



KAYU PERBATANG

“MANCUR JAYA”



Kadosdéné mayid, kajeng kuno wau diselanjoraken teng amparan lan ditawuri kembang, sesampuné dientas saking balong keramat “Mancur Jaya” Desa Tuk Kecamatan Kedawung Cirebon. Wonten punapa? Desa Tuk pancén unggal kaping sangalas sasi Robiulawal wonten riaya adat kang disebut “muludan Tuk.” Unggal taun teng dusun wau jimat “kajeng perbatang” disirami teng masyarakat.

Sanésé kajeng perbatang, maksih wonten pusaka kang sami-sami disirami. Pusaka wau, inggih punika pendil sewu, warisan saking Nyai Mas Pakungwati, keris Si Geger tilasan saking Pangeran Mancur Jaya lan tumbak-tumbak tilasan Kerajaan Cerbon.

Desa Tuk, miturut kuwuné Mulya (38), nggadahi teges semburan toya saking balong keramat. Toyanipun mboten pernah ketelasan, sanajan usum ketiga lan panas ngentak-entak. Balong punika ngrupiyaken tilsasan saking Pangeran Mancur Jaya, setunggalé pangeran saking Kesultanan Kasepuhan kang dipercanten saged mancuraken toya, upami kajeng wau ditancepaken teng lemah. Kajeng punika unggal sasi mulud diangkat saking balong lan disirami lan digantos séwét tutupé.

Wonten dongeng saking “pendil séwu” tilasan Nyai Pakungwati utawi Nyai Mas Kresek lan keris Si Geger tilasan Pangeran Mancur Jaya. Barang punika saged diwastani sejodoh, sebab miturut tutur tinular masyarakat, pendil punika sanajan wujudé alit, nanging saged nyukani daharan prajurit sampé séwu tiyang lan mandeg nalika keris Si Geger wonten teng riku. Dongéng wau diyakini masyarakat sekubengé Desa Tuk nalika kedadosan wonten warga kang siweg hajatan utawi gadah damel.

Ngilari asal-usul “kajeng perbatang” kang diede-

maken teng balong keramat wonten teng wewengkon RT 20/RW 04 Desa Tuk Kecamatan Kedawung Cirebon. Ngrupiyaken julukan saking kajeng tilasan Pangeran Mancur Jaya saking Keraton Kasepuhan Cirebon. Kajeng punika sampun nggadahi yuswa atusan taun lan ketingal maksih ajeg kadosdéné kajeng umumé.

Miturut kuncén Raden Mas Supraja (43) teng abad gangsalwelas, Pangeran Mancur Jaya lan Sultan Matangaji ngilari sumber toya, sebab waktos saniku Cerbon siweg ngalami ketiga kang kedawan lan lemah-lemah pada garing ringking. Sesampuné Pangeran Mancur Jaya nglampahi tirakat, piyambeké angsal wangsit supados kajeng wau kang siweg dilinggihi Pangeran Mancur Jaya supados dicancepaken teng lemah. Boten disangka, anggur-anggur mancur toya saking lemah lan lami-lami dados balong kang wonten teng riku.

Kajeng punika unggal taun ukurané mboten tetep. Upami kajeng wau nambah panjang, niku alamaté masyarakat sekubengé Desa Tuk bakal angsal rejeki kang katah. Kasiyaté saged bersihaken aura lan tolak bala.

Raden Mas Supraja dipun angkat dening Sultan Kasepuhan minangka juru kunci awit taun 2007. Wonten kedadosan kang ngagetaken waktos punika. Wonten tiyang kang tambah ngangguran badé mendet kulit kajeng teng pinggirané kang ketingal nglotok. Punapa sing ketingalé? Kajeng wau medalaken toya werna abrit kados rah (getih). Pernah wonten penelitian kang dilakukaken dening arkeolog saking Bogor lan BP3 (Balai Pelestarian Peninggalan Sejarah) saking Serang Banten, nanging sampé saniki dérèng disumerepi jenis kajeng punika. Mung para peneliti wau jelasaken yen kajeng perbatang punika ngrupiyaken kajeng zaman purba. (NMN).***



Drs. Umar Solikhan, M.Hum. (Kepala Balai Bahasa Jawa Barat)

NINGKATAKEN BUDAYA LITERASI TENG JAWA BARAT

déning DEVYANTI ASMALASARI

Tanggal 3 Mei 2019 ngrupiaken dinten ingkang nggadahi sejarah kanggé Umar Solikhan, keranten teng dinten punika piyambekipun dilantik minangka Kepala Balai Bahasa Jawa Barat dumateng Menteri Pendidikan dan Kebudayaan, Muhadjir Effendy. Piyambekipun nggentosaken Drs. Sutejo ingkang dados Kepala Bidang Pengendalian dan Penghargaan, Pusat Pembinaan Bahasa dan Sastra, Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan. Sesampuné lami njabat teng le-mah Melayu, sekiyén kiprah teng lemah Pasundan awit dipun jalani. Sarjana Bahasa Indonesia (1992) lan Magis-ter Linguistik (2005) UGM puniki sedéréngé ngrupiaken Kepala Kantor Bahasa Provinsi Bangka Belitung (2009-2015) lan Kepala Balai Bahasa Riau (2016-April 2019).

Putra Kudus puniki kaping pertama nggabung teng Kanwil Departemen Pendidikan Provinsi Jawa Tengah dateng taun 1998. Taun 2000 piyambekipun nggabung teng Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah kinten-kinten laminipun sanga taun. Piyambekipun giat dados penyuluh basa Indonesia, penyunting basa, lan peneliti basa. Nalika dados peneliti, piyambekipun giat nyerat KTI teng pinten-pinten jurnal ilmiah lan dados narasumber teng pinten-pinten pertemuan ilmiah. Karya ilmiah minangka buku ingkang sampun medal antawisipun *Tindak Tutur Direktif Anak dalam Bahasa Indonesia*, *Peta Bahasa Jawa Tengah*, lan *Panduan Menulis Karya Ilmiah*.

Miturut putra pasangan Achmad Paring (almarhum) lan Siti Aminah puniki, Balai Bahasa Jawa Barat sampun nggadahi kathah préstasi. Préstasi Balai Bahasa Jawa Barat puniki dados beban lan tantangan kanggo Umar keranten Balai Bahasa Jabar sampun nggadahi kathah préstasi. Teng Pamilihan Duta Bahasa Tingkat Nasional utusan Balai Bahasa Jawa Barat sering juara. Ugi kanggo musikalisasi puisi lan préstasi séjéné.

Umar nggadahi tekad dadosaken Balai Bahasa Jabar minangka lembaga pemerintah ingkang langkung nggadahi kualias lan wibawa. Mila mekaten, Umar



ingkang lair teng Kudus, 8 Agustus 1968 nyuwun bimbingan lan dukungan saking sedanten pihak. Umar ugi ngarepaken saged ngabdiaken diri teng Balai Bahasa Jabar kelawan sae. Piyambekipun ugi ingkang ngraih prédikat lével “Istiméwa” teng Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI) ingkang dimileti sedaya kepala balai lan kantor bahasa teng Indonesia taun 2019.

Agenda Utami

Agenda utami ingkang Umar terapkan teng Balai Bahasa Jawa Barat, inggih

punika ngejadikaken Balai Bahasa Jawa Barat minangka lembaga pemerintah ingkang langkung nggadahi kualitas lan wibawa, kadosdene klawan ningkataken pelaksanaan reformasi birokrasi internal (RBI) klawan standar pencapaian Balai Bahasa Jawa Barat minangka Zona Integritas WBK/WBMM teng taun 2020.

Taktik ingkang Umar terapkan teng Balai Bahasa Jawa Barat, inggih punika ningkataken jejaring. Balai Bahasa puniki kedah ningkataken hubungan kerja sesarengan klawan pemangku kepentingan ingkang wonten teng Jawa Barat, kadosdene Pemerintah Provinsi Jawa Barat, pemerintah kota/kabupaten, Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, sekolah, guru, sastrawan/budayawan, ugi média massa. Média massa punika mitra utama kanggé mujudaken komunikasi wontenipun kegiatan-kegiatan teng balai.

Taktik ingkang boten kalah kapriyoginipun, inggih punika kerja sesarengan ingkang sampun kejaln ugi perlu dijagi lan ditingkataken, kadosdéné perlu wontenipun kerja sareng klawan media massa. Umar nganggep media massa ngrupiaken salah satunggaling mitra utama teng pembinaan bahasa lan sastra. Media massa minangka duta basa, mila mekaten kerja sesarengan lan sinergi antawis Balai Bahasa lan media massa perlu ditingkataken. Peran media ugi penting sanget kangge ngedukung laju perkembangan Balai Bahasa.

Tegesipun Balai Bahasa kedah damel jejaring ingkang wiyar teng wewengkon Jawa Barat. Jejaring punika

wujudipun kerja sesarengan antarlembaga, antarinstansi, lan organisasi kemasyarakatan. Kegiatan pengembangan, pembinaan, lan perlindungan bahasa Indonesia lan daérah boten wonten kasilipun upami mung dilakokaken dening Balai Bahasa. Pemerintah Daérah kedah didorong medalaken kawicaksanan ingkang wonten kaitipun ngutamakaken basa Indonesia teng ruang publik, ugi mlebet pembinaan, pengembangan lan perlindungan basa Indonesia lan daérah. Balai Bahasa Jawa Barat ngrengani sanget sedianipun pinten-pinten kabupatén lan kota teng Jawa Barat ingkang sampun siap medalaken peraturan wali kota utawi peraturan bupati, kadosdéné Kota Bogor, Kota Tasikmalaya, Kabupaten Garut, Kabupaten Bogor, lan Kota Depok.

Agenda sanese kangge ningkataken sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia antawisipun liwat pengendalian penggunaan bahasa teng ruang publik. Sebabipun, teng ruang publik maksih katah masyarakat ingkang langkung seneng ngangge basa asing. Ugi, perlu pengendalian penggunaan basa teng sekolah lan instansi pemerintah lan swasta.

Selajengipun cara ingkang benten kangge ningkataken sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia saged dilakokaken liwat penyuluhan basa. Penyuluhan basa punika saged kerja sesarengan klawan sedanten pemerintah daérah teng Jawa Barat, ugi instansi sanésipun kadosdéné média massa.

Miturut suami Endah Sulastri (45) serta ayah bagi Dandy Ryan Felikumar (16) lan Deaniva Felita Marinda (10) puniki, program saking Balai Bahasa Riau ingkang dipun adopsi teng Jawa Barat antawisipun ningkataken budaya lan prestasi literasi siswa klawan kegiatan kunjungan lan literasi sareng duta basa teng sekolah tingkat SD, SMP, lan SMA, ugi pembinaan komunitas literasi.

Ningkataken Budaya Literasi

Waktos saniki Gerakan Literasi Nasional didadosaken agenda ingkang utami Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan. Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan minangka unit utama Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan nggadahi pancen kanggo nglaksanakaken GLN klawan ngebudayakaken literasi baca-tulis teng sekolah ugi teng kalangan masyarakat. Balai Bahasa Jawa Barat teng prinsipipun ngrupiaken alat ingkang gadah tugas lan fungsi saking Badan Bahasa. Mila mekaten, saéstuhipun Balai Bahasa nglaksanakaken visi lan misi Badan Bahasa.

Gerakan literasi ugi ngrupiaken agénda ingkang saged ningkataken sikap positif masyarakat dumateng basa Indonesia. Gerakan literasi ngrupiaken upaya kangge nguataken sinergi antarunit utama pelaku gerakan literasi klawan ngehimpun sedanten potensi lan ngembangaken keterlibatan publik teng ningkataken budaya literasi teng Jawa Barat. Ningkataken budaya literasi perlu dibingkai teng sewiji gerakan ingkang “terintegrasi” boten setunggal-setunggal utawi dipun tamtuaken dening kelompok ingkang tamtu. Pelaku GLN sampun

dipun dominasi dumateng jajaran Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan mawon, nanging ugi kedah digiataken dumateng para pemangku kepentingan, kadosdéné pegiat literasi, akademisi, organisasi profesi, dunia usaha, lan kementerian utawi lembaga sanésé.

Tujuan GLN inggih punika kanggo ningkataken budaya literasi teng ekosistem pendidikan minangka upaya kanggo ningkataken kualitas hidup. GLN dilaksanakaken minangka bagian saking implementasi Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Nomor 23 Tahun 2015 perkawis Penumbuhan Budi Pekerti. GLN ngrupiaken program unggulan kanggo numbuhkan budi pekerti liwat budaya literasi (maca lan nulis).

Tiyang eném Indonesia kedah nggadahi laku trampil teng kaping-21, inggih punika mampu teng literasi ingkang saé, watek ingkang kiat, lan kompetensi ingkang inggil. Sinareng tigang laku trampil wau, diharepaken tiyang eném Indonesia mungkin mampu ngisi Indonesia Emas Tahun 2045. Miturut Umar, teng zaman ingkang siweg ngembang badé nuju abad XXI ingkang nggadahi ciri majuné teknologi komunikasi sampun mbakta pengaruh robahe sedaya kauripan. Ugi, teng salebeté perkawis piwulang tiyang eném.

Mila mekaten, metode pembelajaran literasi kedah dirobah lan dipasaken sareng ciri abad XXI lan ngembangé zaman supados bangsa kula sedaya boten kantun. Miturut Umar, budaya laré-laré enem maksih maos secara instan, déréng secara serius. Pengaruhé wonten, laré-laré wau gelis gadah informasi, nanging maksih kirang mahami informasi teng salebeté waosan. GLN nggadahi tujuan kanggé nyukulaken lan ngembangaken minat kaum milenial dumateng budaya literasi ingkang maksih andap.

Minangka satunggaling upaya ningkataken gerakan literasi ingkang sampun “terintegrasi”, Balai Bahasa Jawa Barat ngraos perlu nglibataken umum teng saben gerakan literasi. Metode khusus kanggé nyukulaken minat maos-nyerat teng kalangan pelajar milenial ingkang wonten teng tengah-tengah ngembangé literasi digital klawan milié wewara ingkang gelis teng media sosial.

Gerakan Literasi Nasional teng Jawa Barat taun 2019 nggadahi tema “Ningkataken Literasi Baca-Tulis Berbasis Kearifan Lokal Jawa Barat”. Nilai-nilai kearifan lokal ingkang wonten teng salebetipun basa lan sastra teng Jawa Barat puniki ngrupiaken penopang kebudayaan nasional. Nilai-nilai kearifan lokal Jawa barat puniki wonten keprayogian kedah diangkat nganti dados mbentuk karakter nasional.***



NYEBARAKEN GERAKAN GLN TENG CERBON

déning **DEVYANTI ASMALASARI**

Tiyang eném Indonesia kedah nggadahi laku trampil teng kaping-21, inggih punika mampu teng literasi ingkang saé, watek ingkang kiat, lan kompetensi ingkang inggil. Sinareng tigang laku trampil wau, diharepaken tiyang eném Indonesia mungkin mampu ngisi Indonesia Emas Tahun 2045. Perkawis wau disampaikan Drs. Umar Solikhan, M.Hum., Kepala Balai Bahasa Jawa Barat teng salebeté acara Nyebaraken Gerakan Literasi Nasional (GLN) teng Kabupaten Cirebon. Umar ugi

wiraos, teng zaman ingkang siweg ngembang badé nuju abad XXI ingk nggadahi ciri majuné teknologi komunikasi sampun mbakta pengaruh robahe sedaya karipan. Ugi, teng salebeté perkawis piwulang tiyang eném.

Teng kasempatan punika, Umar negasaken malih, metode pembelajaran literasi kedah dirobah lan dipasaken sareng ciri abad XXI lan ngembangé zaman supados bangsa kula sedaya boten kantun. Miturut Umar, budaya laré-laré enem maksih maos secara instan, dérèng secara serius. Pengaruhé wonten, laré-laré wau gelis gadah informasi, nanging maksih kirang mahami informasi teng salebeté waosan. “Gerakan puniki nggadahi tujuan kanggé nyukulaken lan ngembangaken minat kaum milenial dumateng budaya literasi ingkang maksih andap,” wiraosé Umar.

Kegiatan Diseminasi Gerakan Literasi Nasional (GLN) Tahun 2019 teng Kabupaten Cirebon diwontenaken dateng dinten Selasa, 2 Oktober 2019 teng Hotel Apita Cirebon. Minangka satunggaling upaya ningkataken ge-



rakan literasi ingkang smapun “terintergrasi”, Balai Bahasa Jawa Barat ngraos perlu nglibataken umum teng saben gerakan literasi. Mila mekaten, teng salebeté diseminasi puniki Balai Bahasa Jabar ngulemi 200 tiyang pamilet saking guru lan pegiat literasi seKabupaten Cirebon. Pamilet disukani metode khusus kanggé nyukulaken minat maos-nyerat teng kalangan pelajar milenial ingkang wonten teng tengah-tengah ngembangé literasi digital klawan milié wewara ingkang gelis teng media sosial.

Kegiatan diseminasi teng Cirebon puniki ngru-piaken upaya kanggé nggiataken GLN minangka bagian saking implementasi Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Nomor 23 Tahun 2015 perkawis Penumbuh-



an Budi Pekerti. Sami sareng kegiatan-kegiatan sederengé, teng salebeté Diseminasi GLN teng Kabupaten Cirebon dihadiraken tigang narasumber, inggih punika Drs. Umar Solikhan, M.Hum. (Kepala Balai Bahasa Jabar), Imam Emje (Fasilitator Literasi Jabar), lan Ahmad Baequni (Sastrawan Cirebon). Kegiatan Diseminasi GLN teng Kabupaten Cirebon sareng tema “Meningkatkan Literasi Baca-Tulis Berbasis Kearifan Lokal Jawa Barat” dilaksanakaken klawan pola 8 jam. Materi ingkang disampekaken dumateng peserta ingkang wonten kaitane sareng kebijakan Gerakan Literasi Nasional lan proses kreatif nyerat.

Ade Mulyanah, panitia kegiatan nyebataken, pelaku GLN sampun didominasi dumateng jajaran Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan mawon, nanging ugi kedah digiataken dumateng para pemangku kepentingan, kadosdéné pegiat literasi, akademisi, organisasi profesi, dunia usaha, lan kementerian utawi lembaga sanese. “Diseminasi GLN teng Kabupaten Cirebon puniki gadah tujuan kanggé nyucukulaken budaya literasi masyarakat teng Kabupaten Cirebon klawan ngangkat kearifan lokal Jawa Barat nuju mantapé watek bangsa,” capé Ade.***



SEDULUR KANG KEJEM

dening **FERRY PRIMA PUTRA. P**
Murid SMP Negeri 5 Kota Cirebon

Ning salah siji kota kang arané Réfelor, lair bocah kembar lima kang arané Esmé lan seduluré beli duwé aran. Sekabéhé sering diundang Fross. Sekabéhé urip énak wis telung taun lawasé lan mulai sadar yén kabéhané duwé kekuatan super kang pada. Kabéhané duwé kekuatan hipnotis kang kuat pisan langka tandingané.

Salah siji dina, kabéhané ditangkep déning pemburu super. Para pemburu super nggawa Fross ning tempat penampungané, terus kabéhané masang alat kanggo nahan kekuatan ning guluné. Alat kien ngupai setruman, lamun Fross ngetokaken kekuatané.

Fross mikiraken rencana kanggo metu sing penjara. Fross terus mikir lan mikir, sampé akhiré kepegelen. Akhiré Fross beli bisa mikir maning lan mulai urip kang anyar ning penjara iku. Ning penjara iku, Fross sama sekali beli dilelara ning para pemburu. Malahan dipai mangan lan nginum kang cukup. Tapi Fross beli bisa nganggo kekuatan superé.

Waktu terus léwat, sampé Fross wis umur nenem taun. Ning umur nenem taun iku, Fross digawa déning para pemburu kanggo ngehakimi wong. Awité Fross diundang limaané, tapi loro sedulur kembaré wis beli bisa ngontrol kekuatan kabéhané. Para pemburu iku nguculkan Esmé kerja teluan karo seduluré.

“Sekien waktu kanggo seneng-seneng isun kabéh”, jaré Fross.

Omongan Fross kang pertama kien gawé pemburu wedi lan mikir kanggo mbatalaken cara kien. Tapi beli kedadiyan. Pemburu iku nguculkan alat kang bisa nyetrum Fross, lamun déwéké ngetokaken kekuatan. Waktu iku Fross kelingan kang dilakokaken pemburu iku waktu nangkep déwéké. Fross séwot lan

ngetokaken kekuatan sekabéhané ning sasaran kang dimaksud pemburu. Sasarané uga ngerasa kelaraen terus perasaan melas Esmé mulai metu.

Esmé ngomong, “déwéké kewediyen, cuma péngén ketemu keluargané.”

Terus pemburu kagét lan beli weruh Fross duwé kekuatan maca kedadiyan kang bengiyen lan bisa maca pikiran. Pemburu iku ngeyakinaken Esmé kanggo tetep fokus lantaran mung Esmé kang duwé perasaan melas. Tapi seduluré beli duwé perasaan sama sekali. Esmé mulai fokus sampé targét mati. Esmé kang sedih mulai séwot ning pemburu lan mulai ngomong “TEMLAK !”. Dibarengi suara seduluré “TEMLAK !...TEMLAK !” Pemburu iku témbak-témbakan antara siji karo séjéné. Para pemburu kang beli weruh sebenere langsung némbak rong sedulur Esmé lan beli bisa ngontrol kekuatané iku. Esmé kang tambah séwot mulai ngetokaken kekuatan asliné. Matané biru murub bareng karo seduluré, terus ngomong “MATI !...MATI !...MATI !” Pemburu iku uga langsung mati. Lantaran kekuatan Esmé kang gedé, gawé pemburu puyeng. Esmé metu karo rasa dendem lan sedih kang nemen. Tapi kabéhané beli weruh ana ning endi. Kabéhané uga diadopsi déning remaja kang arané Rééva, kang duwé kekuatan nafas gema. Rééva éman pisan ning Fross lan terus ngelindungi Fross sing bebaya. 20 taun sewisé ...

Fross : “Rééva, sampéyan beli bosen dadi diréktur ? Pasti sampéyan puyeng ? Isun bisa ngubahé.”

Rééva : “Apa sira duwé ide Esmé, Fross ?”

Fross : “Sok Gulati wong-wong kang kuat kaya isun, terus isun kabéh kerja bareng kanggo lurus duit.”

nyambung teng kaca 36

PENYULUHAN NGANGGÉ BASA UMUM TENG INDRAMAYU

déning DEVYANTI ASMALASARI

Balai Bahasa Jawa Barat kerja sesarengan klawan Dinas Pendidikan Kabupaten Indramayu ngawontenaken kegiatan “Penyuluhan Penggunaan Bahasa Ruang Publik: Wajah Bahasa Sekolah Tingkat SMP Se-Kabupaten Indramayu” teng Hotel Wiwi Perkasa 2, Jalan D.I. Panjaitan Nomor 44, Kabupaten Indramayu. Kegiatan penyuluhan punika diwontenaken kalih dinten, tanggal 3-4 Oktober 2019, sareng pamilet kawan dasa tiyang, inggih punika Kepala SMP Negeri lan swasta teng Kabupaten Indramayu.

Kegiatan penyuluhan punika ngrupiaken salah satunggaling upaya kanggé kaciptané martabat basa negara ingkang ngutamakaken nganggé basa negara, inggih punika basa Indonesia teng ruang-ruang umum masyarakat. Ingang ditentokan kanggé sasaran inggih punika kepala sekolah, sebab wonten pertimbangan ingkang dasaré kewenangan kepala sekolah. Uga, kanggé nunjang tuntutan basa Indonesia minangka basa resmi teng lembaga pendidikan. Kepala sekolah uga ngrupiaken pemangku kepentingan teng selebeté nganggé basa teng sekolah, ingkang dados wujud porem basasekolah.

“Penghargaan Wajah Bahasa Sekolah 2019” ngrupiaken salah satunggaling antawisé saking sekawan sakaguru kegiatan “Pengutamaan Bahasa Negara di Ruang Publik”, ingkang dilaksanakaken dumateng Balai Bahasa Jawa Barat minangka UPT tingkat provinsi saking Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan, Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia. Tigang sakaguru sanese inggih punika “Pemantauan Penggunaan Bahasa Negara di Ruang Publik”, “Sosialisasi”, lan “Aksi Penertiban Bahasa”.

Basa seratan teng ruang publik saged kasebat minangka porem saking ruang umum punika. Upami

seratané katah nganggé basa asing, puniku wonten kesan ruang umum wau katah ditiliki dumateng tiyang-tiyang asing. Kawontenan puniki kraos sanget teng kota-kota ageng teng Indonesia. Adedasar saking paningalan ingkang dilakokaken Balai Bahasa Jawa Barat mulai taun 2015 nganti saniki maksih katah ruang umum ingkang nganggé basa asing, padahal tiyang ingkang nganggé teng ruang umum punika ngrupiaken tiyang Indonesia.

Kanggé ningkataken martabat negara liwat basa, Pemerintah Republik Indonesia, inggih punika Menteri Pendidikan dan Kebudayaan sampun medalaken Surat Edaran Nomor 12 Tahun 2018 perkawis “Pengutamaan

Bahasa Negara di Ruang Publik” ingkang ditujuaken kanggé gubernur lan bupati/wali kota teng sedaya wilayah Indonesia. Isi S.E. wau, inggih punika sedaya kepala daerah wajib ngutamakaken nganggé basa Indonesia teng nami-nami bangunan lan permukiman teng sedaya wilayah Indonesia. Ugi, teng selebete SE punika kasebat, basa Indonesia wajib dianggé teng selebeté gangsal sasaran ruang umum sanésé, kadosdéné nami lembaga, nami jalan, merek dagang,

perkantoran, penunjuk jalan, fasilitas umum, spanduk, lan nami produk barang/jasa.

Teng selebeté kegiatan ngutamakaken basa negara ugi disoroti seratan-seratan ingkang wonten teng 7 objek pengutamaan, inggih punika 1) seratan nami lembaga lan gedung, 2) seratan nami sarana umum, 3) seratan nami ruang pertemuan, 4) serat nami produk barang/jasa, 5) seratan nami jabatan, 6) seratan penunjuk arah utawi rambu umum, lan 7) seratan ingkang wujudé spanduk utawi alat informasi sanésé.

Teng taun 2018 lan 2019 puniki Penggunaan Pengutamaan Bahasa Negara di Ruang Publik disasar





teng seratan ingkang wonten teng ruang umum 10 (sedasa) instansi/lembaga saben kabupatén/kota, inggih punika: 4 (sekawan) lembaga pendidikan, 4 (sekawan) lembaga swasta, lan 2 (kalih) lembaga pemerintahan ingkang ditingal dateng 7 (pitu) sasaran pengutamaan teng saben instansi. Sementawis kanggé “Penghargaan Wajah Bahasa Sekolah” ingkang nembé dilaksanakaken taun puniki dipendet saking wewengkon lembaga pendidikan tingkat SLTP (SMP dan MTs).

Wiraosé Drs. Umar Solikhan, M.Hum, Kepala Balai Bahasa Jawa Barat teng selebeté pengarahen, penggunaan basa teng ruang umum kedah pas sareng pelinggihané. Basa negara, basa daérah, lan basa asing perlu ditempataken sing pas sareng wilayah

kepentingané. “Pengutamaan Penggunaan Bahasa Negara di Ruang Publik” sampun diatur teng Undang-Undang Nomor 24 Tahun 2009, khususé pasal 36 ayat (3) ingkang nyatakaken “Bahasa Indonesia wajib digunakan untuk nama bangunan atau gedung, jalan, apartemen atau permukiman, perkantoran, kompleks perdagangan, organisasi yang didirikan atau dimiliki oleh warga Negara Indonesia atau badan hukum Indonesia”. Seajenge pasal 38 ayat (1) ingkang nyatakaken “Bahasa Indonesia wajib digunakan dalam rambu umum, petunjuk jalan, fasilitas umum, spanduk, dan alat informasi yang merupakan pelayanan umum.”

Kegiatan penyuluhan dibuka secara resmi dumateng Dr. H.M. Ali Hasan, M.Pd., Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Indramayu. Teng selebeté arahané, Ali Hasan wiraos, upami ruang-ruang umum sekolah kedah ngutamakaken basa Indonesia. Kegiatan punika pas sanget ngulemi kepala sekolah ingkang dados pamilet, karenten nggadahi kewenangan kanggé ngrobah poremé basa teng sekolah piyambek-piyambek. Ugi, kanggé nami-nami langkung saé ngangkat nami ingkang sipaté kearifan lokal, kadosdéné negara Jepang lan Koréa ingkang dikenal sareng produk-produk teknologi lan elektronik ingkang nggadahi nami khas asli negara piyambek.

Materi teng penyuluhan puniki disampekaken dumateng Drs. Umar Solikhan, M.Hum. lan Asep Rahmat Hidayat, M.Hum. Umar Solikhan nyukani materi “Kebijakan Bahasa di Ruang Publik” lan “Kalimat pada Ruang Publik”. Sementawis Asep Rahmat nyukani materi “Ejaan” lan “Bentuk dan Pilihan Kata”. Ketua panitia, Devyanti Asmalasari ngungkapaken, saking kegiatan penyuluhan puniki nggadahi harapan saged ningkateken pengetahuan kebahasaan, ningkataken kecintaan masyarakat dumateng basa Indonesia, lan angsal kawasan tertib bebasaan minangka tulada kawasan kanggé wulangan basa, sarta nyukulaken perilaku inkang sae dumateng basa Indonesia, ingkang damel mantepe watek bangsa.***



PERAYAAN NGUNDUH MANTU MUNGGUH ADAT DERMAYU

déning ABDUL AZIZ HM.EL-BASYRO

Ater-ater
Enjing dinten Rebo, padang. Musim ketiga jagat panas, udane ora teka-teka. Tanggale 02 Oktober 2019. Diwontenaken dialog/rembug budaya : Rancang Bangun Upacara Adat, Pernikahan Daerah Indramayu. Utawa aturane upacara budaya, manten dunun Dermayu. Kerjasesarengan Disbudpar Indramayu, HUT Indramayu kaping 492, Festival Tjimanoeuk lan Lembaga Kebudayaan Indramayu.

Tempate teng hotel Trisula Indramayu. Nekaaken narasumber : ingkang bade bedaryaniku :
1. Mama Supali Kasim ,
(saking budayawan lan ketua LBSD)

2. Mimi Imas Masfu'ah Soematno, SE. (Ketua Tiara Indonesia)
3. Mama Dasma Adiwijaya, (Bujangga Macapat dermayonan)

Pra acara wonten tembang saking sinden, nembangaken manten adat dermayu dilajengaken kleawan tembang dermayonan lan wonten model jaler lan istri ingkang sampun di paesi klambi manten adat dermayu.

Diterasaken klawan jogedan Srimpi saking Sanggar tari. Pranata acara kinten-kinten dimulai jam 09.00 WIB. Dibuka kepala Dinas Kebudayaan lan Parawisata (Disbudpar) Mama Carsim, kadis Enggal gantosaken Mama Odang. Piambeke saged nembang dermayonan.

Inkang ngawali, pertami (1), Mama Supali Kasim. Inkang mboten asing malih teng jagat sastra lan budaya daerah dermayu. Miturut mama Supali, Indramayu wonten pengaruh budaya Jawa. Kelebet teng basa, seni, sejarah lan pendidikan. Kados teng kesenian Indramayu wonten campuran saking daerah Jawa. Kados : alat musik Gamelan, tembang Macapat (an), sandiwara (ketoprak) , jogedan Topeng, Srimpi lan Tayuban, wayang Kulit,



wayang Golek Menak/Cepak lan Sintren.

Wonten uga pengaruh saking zaman Islam kados Tari Rudat, Trebangan lan Genjring. Teng bidang Pendidikan, guru saking Jawa Tengah lan Jawa Timur. Nyukani piwulang basa, tembang lan dongeng daerah klawan basa wetan, sanes basa dermayu padinan utawa karma inggil.

Wonten malih pengaruh saking budaya Sunda. Antawisipun kesenian tari Jaipong, Sisingaan lan Ronggeng Pethuk. Kelebet uga seni Lengser nyambut utawa ngunduh mantu. Kados mama Tohri saking Disbudpar bilih wontenaken gelar ngunduh mantu

ngangge basa Sunda awit saking tata rias klambi manten, kidung Macapatan lan Mecah endog.

Selajengge miturut Mama Supali, klambi utawa busana kalangan rayat biasa kalih bangsawan dibentenaken. Bilih rayat biasa calon manten jaler/lanang ngangge klambi Komboran ireng-ireng kados petani. Lan calon manten istri ngangge kebaya. Ngangge kaum bangsawan diselarasaken kalih pedamelane. Bilih pejabat pemerentah ngangge klambi demang.

Rancang/ngerancang bangunan adat ngunduh manten/mantu wonten piwulang ingkang sae. Kados piwulang nglestariaken tembang macapatan, nasehat kangge calon manten uga wonten piwulang pendidikan keluarga ingkang diarepaken dados keluarga Sakinah (tentrem) Mawaddah (welas-asih) lan Wa Rohmah (eman sampe sepuh). Uga wonten gambaraken budaya Jawa antawisipun :

1. Status calon manten wadon/istri kedah taksi perawan
2. Status calon manten lanang/jaler kedah perjaka lan angsal ningal rupa ayu calone.
3. Wonten tetali, pengiket.
4. Luruh dina bagus miturut kalender utawa weton



5. Asok-tukon , seserahan saking calon manten lanang kados : duit (mahar) daharan (konsumsi), perabot rumah tangga lan liane.

Pembedar kaping kalih (2), yaniku: Mimi Masfu'ah Soematno SE. Bedaraken klambi/busana adat dermayu teng zaman bengen. Piambeke minangka ketua Tiara Indonesia. Saged ngrancang busana calon manten wadon/istri ngangge kebaya batik Paoman, aksesorise wonten kembang lan konde tanduk menjangkan. Lan calon manten lanang/jaler ngangge klambi komboran lan celana ireng diselipi batik paoman.

Pembedar kaping tiga (3) yaniku Mama Dasma Adiwijaya. Miturut piambeke upacara adat manten dermayu inggih punika :

1. Tetali
2. Ngalap calon maten
3. Rebut lawing
4. Manjing kalangan, posisi manten
5. Jejer pasang
6. Sungkem
7. Surak/tawur
8. Mecahe endog
9. Nari lenyapan
10. Temoh
11. Adep-adepe sekulan
12. Rebut (an) duit

Unen-unen Tetali/Nareni, sa'sampune uluk salam lan dibales salame diterasaken .

Utusan saking nari :

*"Kemul, umum-umum pinayung kekuwang
Byar rep nggadahi ayam alas, ngayu bagja mugia
ketampi*

*Kaula nang Rustam Kinarya duta saking Dermayu,
utusanipun Mama Ahmad lan Mimi Aminah*

*Ambakta Sadhah peng Lamar, kangge putri
panjenengan Ingkang name nok Siti Maesaroh. Punika
masih padang tadang tah sampun peteng ?"*

Unen-unen : Rebut Lawang

Nggangge pupuh Asmarandhana, unen-unene yaniku :

Saking Tamu : *"Kulanuwun, kaki-nini, kaula
sekancabala golong-golong sepeguthon*

*Lin kuntul ngudang rendengan Ngecak plataran
dika, aja kygat klawan tambuh Ngebang duren mata
walang"*

Saking majikan : *"Sumanggah duh sapa iki
Jumrogjog tanpa larapan, gede cilik tua enom
Gemrudhung gawe kumepyar, agya blaka sing terang
Ngomong upanen weruh, apa karepanira ?"*

Inggih menika unggah-ungguh ngrayaaken Ngunduh mantu miturut adat utawa tradisi wong dermayu. Nggadahi sopan-santun, tata-krama lan budi pekerti ingkang luhur. Sa'sampune nerasaken unen-unen Manjing Klangen. Klawan pupuh Kinanti.

Prosesi utawa acara inti mantentan : dipimpin dateng petugas saking KUA

Calon manten wadon/estri sungkem kalian calon mertua kalih mama lan mimi mertua. Teras lungu, simpuh kados tiang nyembah. Saking pranata acara ngenalaken calon manten lanang/jaler. Masih wonten rentetan unen-unen :

1. Mecahe Endog
2. Kidung Surak/Tawur
3. Kidung Sungkem
4. Tembang Macapat : Jejer Pasang
5. Joget/tari Lenyapan
6. Adep-adepe sekul
7. Rebut Duit

Matur suwun, mama Dasma mungkasi beber : Rancang Bangun Upacara Adat Pernikahan Daerah Indramayu. Utawa perayaan unggah-ungguh upacara adat mantenan teng Dermayu. Teng tatar pasundan sampun wonten prosesi utawa tradisi ngunduh mantu/mantenan. Ingkang turun-temurun malah didadosaken budaya teng Dermayu. Milah mekaten oleh-oleh saking dialog budaya utawa rembug budaya ini, budaya utawa tradisi ngunduh mantu ingkang sampun di warisaken saking leluhur dermayu kedah di uripaken malih lan dijaga minangka warisan harta karun saking para leluhur. Uga katah nilai utawa pelajaran kangge pendidikan budi pekerti atawa akhlaq mulia mungguh ajaran agama Islam. Muga katah manfaat saking bedar budaya adat ngunduh mantu niki. Dan disuwun didukung saking pemegang kebijakan. Lan sponsor saking swasta supados didadosaken tradisi bilih wonten acara mantenan kedah ngangge adat-istiadat dermayu awit saking pranata acara, klambi atawa busana, tembang macapat lan sanes-sanes. Kula pungkasi klawan unen-unen Rebut Duit :

Sangu uip pekaya kudu direbut,
Niyate ibadah

Sandang pangan lair bathin,
Rajakaya rebut mung kanggo dedalan

WONTEN SANDAKALA GELAR BASA DERMAYU TENG FESTIVAL DRAMA

déning **ABDUL AZIZ HM. EL-BASYRO¹⁾**

Ater – ater

Hakékaté urip teng dunya

Niku dolanan lan sandiwara utawa drama

(Kitab Suci al-Qur'an)

Karna urip niku dolanan lan meran sandiwara utawa drama, maka rayat utawa pejabat kudu sinau dados pemeran teng segala lakon. Lan kudu sinau teng jagat wonten katah peristiwa nandai wontene pelajaran ingkang berharga. Uga kudu éling jabatan niku amanah sanés hadiah ingkang saged nglalenaken kewajibane yaniku nentremaken rayat lan ngangkat martabat uga urip kang gumrengseng dados bagja kumeyangan (waos: bahagia)

Mekoten uga teng gelaran: Festival Drama Basa Dermayu. Lakon Temurun Bumi Mudun Aji. Kula meranaken rayat ingkang wedi wonten Sandakala, wonten Bata-rakala wonten Memedi teng Negeri Astina. Kula usaha

meranaken klawan ekspresi rayat kang bener-bener ningali makhluk utawa monster. Dados klagepan lan gemeteran kalih rencang maen meranaken rayat uga, kang Simon.

Alhamdulillah, miturut kang Ucha sukses dados rayat. Kula, mung mésem-mésem mawon. Lha, kula rayat biasa ya apa susahé dadi rayat?! Bénten, bilih pemerané pejabat meranaken rayat bokot rada kangelan. Sebab, tradisine urip gemebyar fasilitas Negara. Latihan kalih pemeran liané, mudun gunung. Biasané dados sutradara saniki dados pemaén drama. Kados kang Chandra N. Pangeran. Sampun malang-mlintang teng jagat drama modern (waos:Teater). Gadah kumpulan, namine Studio 50. Lan mas Ray Mengku Sutentra. 'Kepala suku' drama Bester teng dusun Trisi Cikedung Dermayu. Pi-tung dina lan pitung bengi latian drama basa dermayu. Klawan lakon: Temurun Bumi Mudun Aji. Kumpulan dramané : Teater Dadakala. Mas Ray meranaken rayat Tumaritis teng jagat pe-wayangan dados Lamsijan. Swara gemuyué mi-rip Lamsijan bilih wonten bodoran, "héh... héh.... hééé.....!".

Festival drama basa Dermayu di gelara-ken dinten Sabtu. 26 Oktober 2019 Teng gedong Mama Sugra. Dimulai jam 09.00 dumugi 17.30 WIB. Teng jalan Veteran Nomer 3 Indramayu Ja-wa Barat Indonesia. Wonten gangsal (5) kelom-pok Téater ingkang méntas, yaniku :

1. Téater BESTER
SMAN 1 TERISI
Naskah: *Yongan, Mung baé, Tinimbang, Mulané*
Karya : Supali Kaism
Sutradara : Ray Mengku Sutentra
2. Téater : YATRA
SMK PGRI GANTAR
Naskah : *Wulan Kotak Ning Godong Blarak*
Karya : Supali Kasim
Sutradara : Komara Comenk
3. Téater : CORET
UNIVERSITAS WIRALODRA
Naskah : *Yén Wit Pelem Wis Kombangan*
Karya : Supali Kasim
Sutradara : Sugeng
4. Téater : SAPU JOGAN
Naskah : *Kembang-kembang Para Pejuang*
Karya : Supali Kasim



**FESTIVAL DRAMA
BASA DERMAYU
SABTU 26 - Oktober 2019
JAM 09.00 s/d Selesai **Gratis****

Teater SapuJogan
Mempersembahkan Sebuah Karya
Supali Kasim
SUTRADARA : Bang .AY
ARASEMENT MUSIC : Vergian Joe Armstong

**KEMBANG KEMBANG
PARA PEJUANG**
All TEAM Antzerki 47 SMK TELADAN Kertasemayah
Sidik, Melani, Ratna, Indiyani, Hasyim, Faki, Kholis, Mahmudi, Rizki, Luki, Teguh, Ahkmad, Wahyudi
GEDUNG KESANIAN MAMA SOEGRA
Jl. Veteran No. 3 Indramayu Jawa Barat

Dermayu waktu semono proklamasi wis di
bacakaken, masih angger ketekaan penjajah
belanda bari alat perange sing pepet,
bedil, bren, teng waja.
wong dermayu dewek mung ngandelaken
pring lancip bari golok, pol pole mung pestol.
makane bli heran pirang pirang
korbane wong dermayu sing pada mati bela
dermayu,
ngenes temen yenseken kita kita bli ciling
lan eadar bisa miaku jajan. Manja bari
cangas cangas, bli kelingan ning
KEMBANG KEMBANG PARA PEJUANG

SapuJogan
BANG AY, CHEPPI, DARGA, SLAMET, IRYANI, RIFQI, FATIKU, LILY, SUKRON

5. Teater : DADAKALA

Naskah : *Temurun Bumi Mudun Aji*

Karya : Supali Kasim

Sutradara : Ucha M. Sarna

Wonten pra acara festival drama basa Dermayu, yaniku bedah buku Mama Supali Kasim, judulé : *Durung Mati Sukamné Wis Kelayung-layung*. Dibedah kalih Mama Warsono teng gedong Mama Sugra. Catatane inggih punika : pemeréntah lan swasta kedah nyukani utawa nyuport anggaran kanggé seratan buku-buku ingkang dados ukuran maju lan munduré kota utawa Negara.

Kula badé bedah kalih peméntasan yaniku naskah : 1) Kembang-kembang para pejuang. Kelompok drama : Téater Sapu Jogan. Karya Mama Supali Kasim. Sutradara : Bang Ay lan music : Vergian Joe Armstong. Para pemeran drama yaniku : Sidiq, Melani, Ratna, Indiyani, Hasyim, Faki, Kholis, Mahmudi, Rizki, Luki, Teguh, Akhmad lan Wahyudi.

“Dermayu wayah semono proklamasi wis dibacakaken, masih angger ketekanan penjajah Belanda bari alat perange sing pepepek. Bedil, brén lan tank waja.

Wong Dermayu dewek mung ngandelaken pring lancip bari golok, pol-polé mung péstol. Makané bli heran pirang-pirang korbané wong Dermayu sing pada mati béla dusun Dermayu.

Ngénes temen yén sekien kita bli éling lan sadar, bisa mlaku, jajan lan blanja bari cengangas-cengéngs, bli kélingan ning :

KEMBANG-KEMBANGE PARA PEJUANG!”

Artosé, zaman sekien bocah lanang lan wadon kudu kelingan ning jasaé para pahlawan ingkang sampun berjuang bela Negara klawan bambu runcing. Kudu purwadaksina, kélingan jasa-jasaé wong bengén sing berjuang. Aja mung nikmati kesenenengané dewék baé. Perjuangan saniki ya dudu gawa bambu runcing nanging sinau utawa blajar sing temenan sumber bisa mlanglang buana teng jagat nunjuaken préstasi sanes frustasi malah ora gelem blajar. Asik lan kédanan ning telepon genggam.

Kaping kalih 2) bedar nakah lakon : *Temurun Bumi Mudun Aji*. Karya mama Supali Kasim. Sutradara : Ucha M. Sarna.

“Sa'wisé lawas ngumbara mendi-medi, Semar lan Togog ketemu maning. Tukaran maning. Ngundat-ngundat maning. Sapa sing paling duwé hak, dadi penguasa ning Jonggring Selaka. Sapa sing paling sakti mandraguna. Sapa sing paling garang.

Lamsijan lan cepot, mung bisa niténi. Betara guru ngrasa salah Apa sing dadi tulah ning kakang-adi telu iku, karna anané Napsu duniawi!”

Semar (kakang Ismaya) miturut lakon dalang wujud asliné garang, gagah lan ganteng. Nanging, karna napsu duniawi alih rupa dadi blesak. Wetengé gendut lan lambené amba. Disindir cepot lan Lamsijan :

“Rebutan korsi maniiing....., rebutan korsi maning!”



Batara guru dawuh, kadosé Semar kena tulah. Kena omongané déwék. Karna napsu duniawi.

Teng lakon niki (Temurun Bumi Mudun Aji) saged ditafsiri bilih menusa kesérét napsu kuasa bakal dadi Sandakala, dadi syétan merkayangan. Drama niki diawiti klawan bocah-bocah pada dolanan Ula-ula Klabang. Sampé barang-rep, jagat wis sore. Wulané wis ngumpet ning segara. Warna awan teng langit dadi jingga. Diélingaken ning wong tua wadon, wis mari lan teras dilajengaken wonten obrolan cepot kelawan Lamsijan, kang nyindir ning Semar lan Petruk kang ngrasa pada baé duwé kuasa akhiré rebutan korsi.

Karna napsu duniawi mekaten Semar utawa Sanghyang Ismaya kang mauné ganteng dadi blésak. Lan drama dipungkasi nongolé makhluk Sandakala atawa Betarakala. Jagat ruwet-ngampred, rame beberékan tabrak-tabrakan bli jelas arah tujuan sing penting nylemetaken awak déwék saking makhluk jadi-jadian Sandakala. Karna napsu rebutan kuasa klalen karo kang MahaKuasa. Pet...lampu, mati layar ditutup. Mugia wonten manfaat nyakséni festival drama basa dermayu katah nasehat lan pitutur ingkang ngélingaken yén dunia iku mung numpang léwat, karna mekaten kudu teras sinau lan sinau teng sekolah keuripan teng rupeké luruh dalan pangan lan laraé kangélan nganggé ngebeki pedaringan. Klawan dados menusa gadahi garis kudu gawé bunga terutama para pejabat aja mung pinter petatah-petitih teng duwur mimbar utawa gedong wakile rayat.

Mudun aji, mudun bumi mudun teng sejerone ati lan pikiran uga segara. Katah mutiara kang blaratan teng sejerone segara, sejerone sukma sejerone ati kang tirakat. Tirakat maring napsu duniawi. Nahan mboten KKN lan nrima hadiah bilih angsal amanat dados pejabat. Kabéh titipan, kabeh utamakan kebutuhané rayat. Aja dibadog déwék lan golongan. Aja aji mungpung duwéni jabatan. Aja kaya sandakala gawéné medeni rayat kang kangelan luru dalan pangan. Dadia sipaté déwa, dadia sipaté kang maha Kuasa. Dadia urip kaya kekasihé gusti Allah katah derma, katah sedekah katah nulungi wongkang lagi SENGSA. Amiin Ya Robbal 'alamin.

Indramayu, 05 Desember 2019

1) Penulis, nyenengi seni lan budaya dermayu, budaya-wan lan kaligrafer.

ANUGÉRAH WIRATARA BASA CERBON SKETSA PRIBUMI 2019

déning IMAM MENJE

Komunitas sketsa pribumi utawi yayasan kebudayaan sketsa pribumi damel kekiyatan Féstival Sastra Cerbon (FSC) malih teng taun 2019. Kegiatan rutin niki den selenggarakakén dening Yayasan Kebudayaan Sketsa Pribumi kerja sareng kaliyan Dinas Kebudayaan, Pariwisata, Pemuda dan Olahraga Kabupaten Cirebon. Minangka wujud apresiasi dumateng pegiat basal an sastra cerbon.

Kekiyatan FSC niki den selenggarakakén teng lapangan bal Dusun Kaliwedi Lor kecamatan Kaliwedi kabupaten Cirebon, sabtu (09/11/2019). Kekiyatan niki ugah minangka acara préngétan dinten liaré sketsa pribumi utawi tanggap warsa kaping sedhasa taun.

FSC niki gadahi runtutan acara ingkang wernané sastra daerah Cerbon, antawisipun paméran prestasi karya tiang nem, pinilih duta basa cerbon pelajar kabupaten Cirebon, nyukani anugérah wiratara basa cerbon dumateng peniten Basa lan Sastra Cerbon, lan den tutup dening sendratari bendrong lesung.

Miturut Imam Émjé, minangka kitua Yayasan Kebudayaan Sketsa Pribumi Cirebon niki ngocap, yen kegiatan niki sampun dados agénda rutin taunan yayasan sketsa pribumi Cirebon, ingkang komitmen lan konsisten teng pelestarian Bahasa Cerbon. “ niki dados



parlambang komitmen sketsa pribumi dumateng basa cerbon ingkang sampe saniki bade ical teng masyarakat.”

Nanging miturut Kepala DISBUDPARPORA kabupaten Cirebon, Drs. H. Hartono, MM ngocapaken. Festival Sastra Cerbon ngerupiyakén kekiyatan ingkang tujuanipun kangge ngelestariaken ugah mbudayakakén kearifan basa lokal yaiku basa cerbon. Kula atas nami piyambek ngocapaken wilujeng dumateng penampih Anugérah Wiratara Basa Cerbon 2019 (pegiat basa cerbon): ingkang kawitan AKim Garis (Kategori Jurnalis), kapng kalih Dr R Opan Safari Hasyim, M.Hum (Kategori Budayawan), kaping tiga Roji Hidayat, M.Pd (Kategori Pendidik) lan kang kaping sekawan H. Muhammad Among Hasyim (Kategori Gegendug Masyarakat). Kepala dinas ugah nyukani penghargaan langsung teng penampih anugerah.

Sanesé niku ugah yayasan sketsa pribumi Cirebon nyukani plakat lan slempang dumateng para pinilih Duta Basa Cerbon yaiku ingkang pertama Aniq Aljuman (SMAN 1 Gegesik), Ayu Nilantun Nasicha (SMKN 1 Susukan) lan kang kaping tiga Ega Sugiharti (SMAN 1 Gegesik).

“ kékiyan pinilih duta basa cerbon ingkang kawitan niki mugia dados awal ingkang saé kanggé yayasan kula sedanten lan kangge para tiang nem kangge terus ngelestariaken basa cerbon, lan nyukani motipasi supados kapikat tresna teng basa cerbon.” Tutup imam teng pidatonipun.



MULUDAN: NDELENG RAME RAME NING KASEPUHAN

Pragat rebo wekasan, ning kali kriyan rame akeh wong pada adus adusan, luru berkah. Tanda wulan Sapar pragat. Manjing ning wulan mulud. Cerbon ana upacara traisional muludan Tanggal rolas rabiul awal, ning sejarah dina lair nabi Muhammad Rasulullah, muluan teka puncak acara muludan ning kraton Cerbon, acara arane pelal.

Mesti langka contoe ana peringatan maulid nabi, nanging kraton – kraton ning carbon setiap tanggal 12 Rabiul awal nganakaken pelalan, nganggo aran muludan. Wis bli aneh, muludan ning kraton Cerbon yaitu kraton kasepuhan, kanoman, Kairebonan lan keprabon nganakaken pelalan. Jare Sultan PRA Arief Natainingrat SE, yen pelalan seiki wis di dadekaken obyek wisata kang potensial. kanggo dnukung program Pembangunan Propinsi Jabar Mulane bli aneh yen pelalan kebek rumek wisatawan domestik (wong dewek) lan wisatawan asing (wong sejen/wong bule) tumpek blek nonton muludan. ning alun alun kraton Kasepuhan lan sedalan-dalan kebek wong dagang.

Ning Kraton Kasepuhan tanggal 5 wingi, barang keramat panjang jimat dibasuh. Langsung Sultan PRA Arief Natadiningrat SE, basuh barang kramat. Rayat pada rebutan bekas banyu kang dienggo basuh barang kramat. Ning Kratin Kanoman Pangeran Patih Kodiran, basuh gong sekaten Kang biasa dtabh setahun spisan.

Sultan Kanoman Sultan Raja Muhammad Emirudin, negasaken yen muludan iku tradisi kang wis atusan taun lan dilaknakaken ning kraton turun temurun samp seniki. Sultan kanoman ngajak rakyat lan ngingetaken , 'Kitakudu ngeling ngeling pesene atawa petatah petitih kanjeng Sunan Gunung jati, Hurmata lan emanen Ing pusaka atawa hormati, Sayangi, mulyakaken pusaka. Wasiat leluhur niku, kudu dijaga supados kita oli kebeneren lan kebaikan" jare Sultan. Kanoman.

Pelalan muudan ning Kraton kasepuhan, Jagat sore peteng, srengenge mingslep. Wong dagang kang pada jejer mulai pada nyuled boklam. bengi padang glendang, wong wong kang teka, cuma nyicip docang, empal gentong, lengko, tau petis, pokoke kabeh panganan khas cerbon akeh pada nongol ning muludan. Pelalan biasae, Warga Cerbon kang biasa jejer antri nonggoni rebutan sega panjang jimat. Para pedagang yang berjejer sepanjang jalan menuju kraton kasepuhan dan di alun alun kraton Nampak penuh sesak di hampiri pengunjung wisatawan domestic. Ada yang sekedar cuman nyicip docang, empal gentong dan lengko, tahu petis, pokoknya semua makanan khas Cirebon tersaji di muludan kraton.

Abdi dalem kraton Kasepuhan pada siap siap gelar acara pelalan kang berupa arak arakan panjang jimat, Di Bangsal Prabayaksa Kraton Kasepuhan, Sultan Spu PRA. Arief Natainingrat SE, asyik nrima tamu sing daerah,

Propinsi Jabar lan tamu nasional.,

Kelompok siji, atawa kelompok awal arak-arakan dimulai Abdi dalem gawa oayung keropak, kepel tunggul manik, damar kurung lan obor Kelompokaal nki wis siap siap ning adepan kraton nyambut nongole kelompok loro, Ngambaraken, kesiapan kelompok nyambut laire nabi Muhammad. Bani Ismail, siap siaga nyambut kelairan Nabi Waya Bengi.

Kelompok Loro, gambaraken lambang keagungan yaiku kelompok iki gawa Manggaran, nagan lan jantungan. Kanggo gambaraken kelairan diawiti banyu ketuban, kelompok loro iki gawa banyu kembang mawar lan gawa pasatan (salawat/sedekah) tanda syukur. atas kelairan nabi Muhammmad SAW, dengan sOdakoh.

Kelompok telu, iki barisan pangeran raja kang ngewakili sultan, diiringi wong loro lan sesepuh dipayungi payung agung sultan Kasepuhan. Iki gambaran Kelairan nabi bakal dadi pemimpin Umat. Disusul Kelompok papat, yaiku arak arakan kiai penghulu, abdi dalem gawa kembang goyang lan boreh karo pitu panjang jimat kang dipayungi. Gambaraken dina ana pitu, diantrae dina senin, dina kelairan nabi Muhammad SAW, Kelompok papat iki abdi dalem gawa 2 baki kembang goyang kang gambaraken usus/ari-ari lan 2 baki boreh kanggo obat mboke nabi kang nembe nglairaken, supados tetep sehat.

Kelompok lima, abdi dalem gawa sepasang Kong (guci) kang isie serbad (minuman seger) kang ngambaraken geti tanda pragatae lairan. Kelompok enem, abdi dalem gawa 4 baki kang ana botol botol serbad lan temat nginum. Kelompok kien gambaraken menusa iku ana papat unsur, yaiku banyu, geni, angin lan lema

Arak-arakan pasukan Kepitu, abdi dalem gawa 6 wadah nasi uduk, tumpeng jeneng lan sega putih. Arakanan – kelompok pitu kien gambaraken, yak bayi kang nembe di lairaken kudu diarani kang bagus, ngupai arapen engko dadi wong kang manfaat.

Kelompok wolu, metue sing lawang sebela wetan bangsal pringgadani Arak arakan iki gawa 4 wadah isie macaem macaem panganan kang disambung 4 buah dongdangan kang isie lauk pauk kanggo mangane wong maca barjanzi atawa asrokan. Kelompok sanga, rupae iring iringan Sentana wargi kang gambaraken kegem-bira-an wargi nyambut kelairane Nabi Muhammad SAW.

Waya bengi bli krasa, maning. Warga atawa wong wong Kang meluantri nnyaksiaken metue panjang jimat mau nembe pada melu rebutan sega panjang jimat Kang digawa abdi dalem sing tajug alit yang sebelumnya nasi panjang didoakan dan di bacakan Barzanji di tajug alit (tajug cilik). Puncak muludan pelalan kang ditandai warga kang akhire rebutan sega panjang jimat, tes nonggoni lawas, bengi nambah peteng jimet @sumbadi Sastra alam

SATOWAN MITIS “BUYUT GRUDA” GEGESIK

Unggal kaping 15 nganti 17 sasi Mulud banda yang persis kaya manuk gruda wau dipajang teng blandongan Desa Gegesik Lor, Kabupaten Cirebon. Wujudé kaya paksi (manuk) garuda, amargi banda punika dijuluki “Gruda”. Gruda, asring uga ditambahi gelar “buyut” dados disebut masyarakat kang wonten teng riku “Buyut Gruda.”

Ditingal saking wujud wadagé, Gruda ngrupiyaken paksi kang nggadahi elar (sayap) lan kalih pecil kang dipajang teng iringan kiwé lan tengen. Jelas, wonten pengaruh saking wujud lan ukiran saking kereta Paksinagaliman (Kanoman) lan Singa Barong (Kasepuhan). Mung mawon wonten uga pengaruh saking Cina, upami ditingal saking ukiran wujud naga lan ilat cawang kang siweg méléd. “Ketingali anggun lan mitis,” capé gegedug nom-noman Gegesik, Uki Jafar.

Gruda Gegesik pancén sampun kadung dipercanten minangka satowan mitos kang kadosé nggadahi ambekan. Milaniku, sebagian masyarakat Gegesik percanten yén “Buyut Gruda” niku banda gesang kang daharé kraca, yaiku jinis siput sawah. Mung mawon para sesepuh teng rika, utamaé kalangan ulama wanti-wanti yén Gruda niku sanés sesembahan, nanging ngrupiyaken banda utawi barang biyasa karya tiyang jaman sengiyén kang nggadahi karya seni ingkang inggil.

Pripun asal-usulé Gruda? Waktos jeman semonten, miturut pramucrita Ki Masduki Sarpin teng sawiji kisahé, kinten-kinten awal abad sangalas, sawiji tiyang ningali batang kayu bonggolan nancep teng andap tanggul Lépn Ciwaringin kang kalebet Desa Gegesik (Lor). Nanging, wonten keajiban teng banda wau. Sinten mawon kang kersa mendet bonggolan kajeng wau, boten saged dibabut. Mekaten uga dicoba sesarengan dibabut angger sia-sia. Kajeng wau angger nancep ajeg teng tanggul lépn. Kedadosan ajib wau kesebar liwat crita masyarakat.

Nah, disebut gegedug kang wastané Ki Salam minangka tiyang kang keculuk kesaktianipun. Amargi kawontenanipun gegedug wau, piyambeké diilih teng masyarakat dados Kuwu Gegesik Kulon. Kesakténipun sampun dibuktikaken, nalika Lépn Ciwaringin tanggulé bobol. Sampun ditambah kiwé tengen sareng pring lan pasir, nanging angger mawon boten saged nahan toya bobolan wau. Akiré saking inisiatif Asisten Wedana Arjawinangun, kéngkén nimbali Ki Kuwu Salam.

Dugi teng riku Ki Kuwu Salam langsung nancepaken puluhan pring-pring wau teng sepanjangé lépn. Diréwangi masyarakat sareng-sareng nutup tanggul ingkang jebol wau. Toya lépn akiré dados ngalir

kados biyasa. Teng riku sawiji kesaktén Ki Salam. Saniki Ki Salam kedah saged naklukaken bonggol kajeng kang nancep teng pinggir lépn. Sedéngé niku Ki Salam neda pitunjuk lan dedonga teng Gusti Allah Taala supados saged mbabut kajeng wau.

Donga Ki Salam disumbadani teng Gusti Allah lan kelayan énténg kajeng wau dibabut. “Alhamdulillah, kajeng punika saged dibabot,” capé Ki Salam. Selajengé kajeng bonggolan wau disukakaken teng Ki Sad, sawiji gegedug saking Desa Bayalangu. Saking préntah saking Ki Salam, Ki Sad diteda damel bonggolan wau kelayan jinis “sawer” (ula) campur paksi lan sareng perkakas sanésé kados kendaraan panggul utawi joli. Nah, wasta kanggé joli wau “Buyut Gruda”. Gruda pernah dados kendaraan panggul kanggé pasangan pengantén, asal keturunan saking keluarga Ki Salam.

Ki Kuwu Salam mercantenaken rerawatan Gruda wau dumateng Ki Sisiwan lan Ki Sali. Ki Sali sawiji warga penduduk Desa Gegesik Kulon, sedeng Ki Sisiwan ngrupiyaken warga Desa Gegesik Kidul kang nggadahi keahlian kusus teng seni kriya. Saniki panggonan “Buyut Gruda” teng sawiji kamer Desa Gegesik Lor lan koten genah wau ngrupiyaken caket bonggolan kajeng ditemokaken teng masyarakat. Ki Sisiwan selajengé nyukani ukiran kalih sawer alit kanggé “pecil” Buyut Gruda kang dipajang teng kiwé tengené. Saniki pengopénan banda wau diiseraken dumateng kemit desa lan unggal sasi mulud disirami, dipajang lan diideraken teng sekawan dusun, Gegesik Lor, Kulon, Kidul lan Wetan. (NMN).***



NGARAK “BUYUT GRUDA” GEGESIK

MASYARAKAT Gegesik, Ahad siang (17/11) netepaken ider-ideran mulud. Sawiji acara taunan ingkang dipun laksanakaken unggal 17 Robiulawal. Ewuan warga ngiringi ider-ie=dran wau ngubengi gangsal désa, awit Gegesik Lor, Gegesik Kulon, Gegesik Kidul, Gegesik Wetan lan Panunggul.

Unggal tanggal 15 nganti 17 sasi Mulud bandha yang persis kaya manuk gruda wau dipajang teng blandongan Desa Gegesik Lor, Kabupaten Cirebon. Wujudé kaya paksi (manuk) garuda, amargi banda punika dijuluki “Gruda”. Gruda, asring uga ditambahi gelar “buyut” dados disebut masyarakat kang wonten teng riku “Buyut Gruda.”

Ditingal saking wujud wadagé, Gruda ngrupiyaken paksi kang nggadahi elar (sayap) lan kalih pecil kang dipajang teng iringan kiwé lan tengen. Jelas, wonten pengaruh saking wujud lan ukiran saking kereta Paksinalgaliman (Kanoman) lan Singa Barong (Kasepuhan). Mung mawon wonten uga pengaruh saking Cina, upami ditingal saking ukiran wujud naga lan ilat cawang kang siweg mé-léd. “Ketingali anggun lan mitis,” capé gegendug nom-noman Gegesik, Uki Jafar.

Gruda Gegesik pancén sampun kadung dipercanten minangka satowan mitos kang kadosé nggadahi ambekan. Milaniku, sebagian masyarakat Gegesik percanten yén “Buyut Gruda” niku banda gesang kang daharé kraca, yaiku jinis siput sawah. Mung mawon para sesepuh teng rika, utamaé kalangan ulama wanti-wanti yén Gruda niku sanés sesembahan, nanging ngrupiyaken banda utawi barang biyasa karya tiyang jaman sengiyén kang nggadahi karya seni ingkang inggil.



Pripun asal-usulé Gruda? Waktos jeman semonten, miturut pramucrita Ki Masduki Sarpin teng sawiji kisahé, kinten-kinten awal abad sangalas, sawiji tiyang ningali batang kayu bonggolan nancep teng andap tanggul Lépén Ciwaringin kang kalebet Desa Gegesik (Lor). Nanging, wonten keajiban teng banda wau. Sinten mawon kang kersa mendet bonggolan kajeng wau, boten saged dibabut. Mekaten uga dicoba sesarengan dibabut angger sia-sia. Kajeng wau angger nancep ajeg teng tanggul lépén. Kedadosan ajib wau kesebar liwat crita masyarakat.

Nah, disebut gegendug kang wastané Ki Salam minangka tiyang kang keceluk kesaktianipun. Amargi kawontenanipun gegendug wau, piyambeké diilih teng masyarakat dados Kuwu Gegesik Kulon. Kesakténipun sampun dibuktikaken, nalika Lépén Ciwaringin tanggulé bobol. Sampun ditambah kiwé tengen sareng pring lan pasir, nanging angger mawon boten saged nahan toya bobolan wau. Akiré saking inisiatif Asisten Wedana Arjawinangun, kéngkén nimbali Ki Kuwu Salam.

Dugi teng riku Ki Kuwu Salam langsung nancepaken puluhan pring-pring wau teng sepanjangé lépén. Diréwangi masyarakat sareng-sareng nutup tanggul ingkang jebol wau. Toya lépén akiré dados ngalir kados biyasa. Teng riku sawiji kesaktén Ki Salam. Saniki Ki Salam kedah saged naklukaken bonggol kajeng kang nancep teng pinggir lépén. Sedéréngé niku Ki Salam neda pitunjuk lan dedonga teng Gusti Allah Taala supados saged mbabut kajeng wau.

Donga Ki Salam disumbadani teng Gusti Allah lan kelayan énténg kajeng wau dibabut. “Alhamdulillah, kajeng puniki saged dibabot,” capé Ki Salam. Selajengé kajeng bonggolan wau disukakaken teng Ki Sad, sawiji gegendug saking Desa Bayalangu. Saking préntah saking Ki Salam, Ki Sad diteda damel bonggolan wau kelayan jinis “sawer” (ula) campur paksi lan sareng perkakas sanésé kados kendaraan panggul utawi joli. Nah, wasta kanggé joli wau “Buyut Gruda”. Gruda pernah dados kendaraan panggul kanggé pasangan pengantén, asal keturunan saking keluarga Ki Salam.

Ki Kuwu Salam mercantenaken rerawatan Gruda wau dumateng Ki Sisiwan lan Ki Sali. Ki Sali sawiji warga penduduk Desa Gegesik Kulon, sedeng Ki Sisiwan ngrupiyaken warga Desa Gegesik Kidul kang nggadahi keahlian kusus teng seni kriya. Saniki panggonan “Buyut Gruda” teng sawiji kamar Desa Gegesik Lor lan koten genah wau ngrupiyaken caket bonggolan kajeng ditemokaken teng masyarakat. Ki Sisiwan selajengé nyukani ukiran kalih sawer alit kanggé “pecil” Buyut Gruda kang dipajang teng kiwé tengené. Saniki pengopénan banda wau diserahkan dumateng kemit desa lan unggal sasi mulud disirami, dipajang lan diideraken teng sekawan dusun, Gegesik Lor, Kulon, Kidul lan Wetan. (NMN) ***

AYO NUMPAK CITROS

Déning SULASNURPENI

Citros (Cirebon Tourism On Bus) yaiku salah siji mobil wisata kang ana ning Cerbon. Mobil Citros iki dianakaken kanggo tujuan nganter turis utawa pengunjung kang arep ning tempat wisata Cerbon. Miturut Karsono, Sekertaris Organda Kota Cerbon, Citros ngrupaaken salah siji tumpakan khusus lan mung mandeg ning tempat-tempat kang ditentukan (laporan Panji Prayitno, wartawan Liputan6.com). Karsono uga nyebutaken, ning operasionalé, Citros arep ngléwati sanga tempat wisata. Mulai sing Makan Sunan Gunung Jati, kawasan Kota Tua Cerbon, Keraton Kesepuhan, Keraton Kanoman, lan Guwa Sunyaragi. Séjéné iku, wisata belanja Jaln Cipto Mangunkusumo, Stasiun Kejaksan, lan Citros uga ngléwati kawasan kulinér Tuparév njugjug tempat wisata paling kéri, yaiku Pasar Batik ning désa Trusmi, Kabupatén Cerbon. Suwéné Citros mandeg ning tempat wisata yaiku 10 menit. Jadi waktu kang diperluaken Citros kanggo sepisan muter yaiku 2 sampe 3 jam.

Numpak Citros bayaré murah pisan. Sepisan numpak bayaré mung limangéwu pérak (Rp 5.000,00). Arep sampé kabéh rute diputeri utawa bli kabéh diputeri, bayare tetep limangéwu pérak. Jadwal mangkaté Citros dibagi telung bagian, yaiku sing awit jam 09.00-11.00 WIB, jam 13.00-15.00 WIB, lan 15.00-17.00 WIB. Sepisan mangkat utawa narik bisa kanggo ngangkut rongpuluh wong (20 wong). Lamun arep nupak Citros, kita kudu ngenténi sampé bis Citros teka, kurang luwih sejam.

Miturut Dayat, Tim Manjemén Citros, kanggo masyarakat utawa wisatawan kang péngén numpak Citros bisa sing CSB Mall (laporan Ahmad Imam Baehaqi, Wartawan Tribun Jabar). Kanggo sementara, Citros mung bisa nglayani rute ning

jero kota. Lantaran sampe sekien bis wisata Citros iku masih ning masa percobaan sedurung mengko resmi dioperasiaken. Jaréné, bis Citros kang operasi sing CSB Mall ana rong unit, warnané abang lan ijo. Bis Citros sengaja bli dipai kaca jendéla. Tujuané supaya kang numpak bisa bébas ndeleng pemandangan lan tempat wisata kang ana ning Cerbon. Lawang bis Citros digawé sing wesi kaya dene trails wesi. Lamun wayahé bis Citros mangkat, lawang wesi iku dikonci supaya aman. Dadi turis utawa kang numpak Citros ngrasa aman lan nyaman seuwén-uwén ning jero bis Citros.

Kanggo uji coba bis Citros, rutené yaiku sing awit CSB Mall-Jalan Kartini-Jalan Siliwangi-Jalan Diponegoro-Jalan Samadikun-Cangkol-Keraton Kesepuhan-Jalan Pulasarén-Lawanggada-Jalan Kembar (léwat stasiun Parujakan)-Jalan Tentara Pelajar-Jalan Cipto-CSB Mall. Lantaran isun numpak Citros iku masih ning masa uji coba, dadi rutené durung kaya kang direncakaken. Mulané kanggo masyarakat lan wisatawan Cerbon lan sekubengé, ayo ramé-ramé numpak bis Citros. Bayaré murah lan bisa muter-muter ning kota Cerbon.



CINDEK, CEKAK, PENDEK, BUNTEK, CÉRÉT LAN KUTÉT

déning IMAM MENJE

TENG jagat sastra Cerbon niku saéstuné maksih dérèng ajeg. Saking sejarah sastra amargi wasta kanggé karya sastranipun. Niki wasta kanggé karya sastra puisi, niku wonten guritan, wonten kang nyebat pupuh, suluk lan sanésé. Wasta kanggé karya sastra cerpén (cerita péndék, Indonesia) uga maksih nganggé istilah “cerkak” (cerita cekak) dipendet saking istilah sastra teng Jawi Wétan.

Yén ditingal saking wujud karya sastra *kakawén, kidung, gugon tuwon, jawokan macapat, perlambang/pralampita, sandisastra, sasmita*, lan *panyandra*. Niku sedanten wujudé sastra saking Jawi Wétan kang kebakta saking Kerajaan Mataram kang waktos niku njajah wewengkon Jawa Barat salah setunggilé kubengan Tatar Sunda lan Cerbon.

Saniki wujud karya sastra modern kang lair saking angkatan '45 teng sejarah sastra Indonesia, teng Cirebon maksih Kebakta-bakta Jawi Wétan. Kang sampun – sampuné cerita kang désebat “cerkak” kadosdéné crita *iriman bengi riaya* déning Saptaguna, “*Wong Lanang Soleh*” déning Didik Hadiyanto, *Kemat Jaran Guyang* déning Sudibyo YS lan sanés – sanésé.

Kanggé karya sastra cerkak (cerita cekak) teng Cerbon niku boten pas. Karanten tembung cekak teng Cerbon niku menawi saged déntegesaken kelayan péndék (basa Indonesia), nanging gadahi teges kang sanés. Upami wonten ukara, “*Ang, celanaé réyang dienggo ning sampéyan kuh cekak temen, nanging dienggo déning réyang kuh, ngepas.*”

Cekak niku tembung kang gadahi makna relative, nanging yén péndék ya, nggadahi teges pendek malih, déntinggal saking ukarané. menawi dénilar wasta saking cerboné niku katah kanggé wasta karya sastra cerpen Cirebonan. Saking tembung cindek niku katah tembung kang gadahi teges kang sami, salah setunggilé wonten tembung cindek. Menawi nganggé tembung cendek niku dén-gabung kaliyan tembung “crita” dados “cridék” utawi “cercin” kang gadahi teges “crita cindek.”

Sanésé cindek maksih wonten tembung kang ga-

dahi teges ingkang badé sami, yaiku “buntek”. Tembung “buntek” niku sebatan kanggé banda kang wujudé alit, nanging ageng wujudé. Kadosdéné banda “iwak plembung buntek” lan manungsa kang gadahi ukuran badané alit, nanging lemu awaké. Atanapi menawi déngabung kaliyan tembung “crita” utawi “cerita” dados “cerbun” (cerita buntek).

Wonten malih tembung cérét, tembung kang lair saking wadanan (éjékan). Tembung “cérét” niku sami kaliyan tembung “kutét” gadahi teges manungsa kang boten inggil awake, nanging yuswané sampun sepuh. “Cérét” utawi “kutét” niku boten sami kaliyan “klowor”. “Klowor” niku duwur badané boten normal, nanging yén “cérét” utawi “kutét” niku normal atanapi boten duwur. Nah, yén disambung kaliyan tembung “crita” dados “certét” (cerita kutét) utawa “cecér” (cerita cérét).

Maksih wonten tembung kang gadahi teges sami kaliyan tembung–tembung kang teng ajeng. Yaiku tembung pendék. Tembung pendék gadahi teges sami kaliyan kang sanésé, nanging boten nggadahi sifat “wadanan” (éjékan) kadosdéné cérét lan kutét. Tembung niki lumrah kanggé nyebat banda kang boten inggil lan tali kang boten panjang. Nalika digabung kaliyan tembung “cerita” kanggé wasta karya sastra prosa, fiksi niku dados “cerpén” (cerita pendék) sanés cerpén utawi cerdék (cerita pendék).

Saking tembung–tembung wau kang sampun kula bedaraken. Mugi – mugi wonten kang pacak kanggé wasta karya sastra cerbon, wujud prosa fiksi. Saking wasta-wasta niki cerdek, cercin, cerbun, certét, cécér, cerdék utawi cerpén pundi kang saé kanggé wastani karya sastra wujud prosa fiksi kang boten kelebet novel. Yén “cerkak” niku miturut kula piyambek niku boten pacak keranten tembung dienggé déning sastra Jawa lan maknané uga boten pacak.***

**) Penyerat, penresna basa lan sastra Cirebon.*

Cerkak

GEDONG KUNING

déning JUKI YUDIN

Pemugaran mesjid désa Sekarwangi ngrupiaken proyek DKM lan pemerintah désa Sekarwangi. Rupa-rupané, mesjid iku arep digawé dadi rong lantai. Proyek niki dudu langka alesané, tapi kerna sering mbludaké jemaah mesjid utamaé pas waktu wulan puasa. Apa maning pas sembayang bada idulfitri. Jemaah pasti nglubér sampé pada sembayang ning dalan raya. Nanging, proyek niku kekurangan dana. Padahal nanggung setitik maning dipolés, masjid niku wis bagus ngadeg tegak. Gagah! Nanging sering isié kosong mlompong kaya bawang kopong.

Man Akil wis mutusaken arep nyumbang duit sepuluh juta kanggo nambahi pembangunan mesjid ning désa Sekarwangi. Duit semono nggo Man Akil wis kaya sega pera, yén dipangan blénak yén bli dipangan mambu atawa mubazir. Saking suksésé usaha restoran laut kang wis duwé limalas cabang niku, duit ning matané Man Akil katoné godong kuning, suker.

Kesuksésan Man Akil dudu langka alesané. Piyambeké ngrintis usaha niku awalé jungkir balik. Ngutang mana-ngutang méné, mangan sega karo krupuk sedina-dinaé, tuku klambi setaun sepisan kadang sampé bli tuku klambi badaan. Man Akil sing awit lulus STM awalé bungah duwé ijazah nggo nglamar kerja. Wis pontang-panting nglamar mana nglamar méné sampé bolak-balik ning luar kota tetep bli olih kerjaan. Man Akil frustrasi lan ngomong ning jero ati “Luru kerja ning tanah dewék wis kaya ngoléti lingsa ning endasé wong botak.”

Rong taun lulus sekolah Man Akil masih lontang-lantung bli karuan, durung olih pegawéan. Man Akil ngrenungaken nasibé ning sor wiwitan kérsem. Godong kuning tiba pas ning duwur endasé. Bli disangka bli dinyana, Man Akil kepikiran arep bisnis pengolahan panganan laut kaya kerang, iwak, urang, blekutak lan sebangsaé. Man Akil pontang-panting luru modal, nyili mana nyili méné.

Grusuk mana grusuk méné, belajar masakan laut ning bibi-bibi ingkang sering dadi *chef* dadakan ning wong hajatan. Belajar cara nggo narik wong tuku, belajar nyiapnang tempat sing nyaman lan bli ngboseni, belajar ngelobi pemasok bahan menté, belajar kerja sama sampé nentunang lokasi lan ngrékrut karyawan. Semono iku durung aral rintangané, Man Akil sempet pingtelu ketipu. Sempet bangkrut cabang anyaré, sempet dibloli dagang ning warga sekitaré lan séjéné. Saking rajiné lan keuletané ambir terus belajar sareng bli gampang nyerah, sekiyen Man Akil bisa nikmati hasil keringeté bengiэн sing panas perih limalas taun mburi.

Man Akil ngrupiaken patokan kesuksésan nggo wong nom-noman ning désa Sekarwangi. Unggal dina sing pojok-pojok umah pager suara-suara macem mengkénén tambah akéh “Sira kuh mana luru pegawéan tah apa! Urip nggal dina klayar-kluyur bli peta, contoh kah Man Akil. Sugih, suksés, akéh duité!” Bli bisa disangkal maning, kesuksésan Man Akil wis dadi gambaran lan bandingan wong nom-noman. Wis dadi rahasia umum wong tua mbanding-mbandingaken anaké karo anaké wong séjén sing dipandeng luwih apik.

Ning warung-warung kopi, obrolan-obrolan mbahas Man Akil wis dadi pemandangan sedina-dina. Man Akil wis dadi sosok kang dihormati ning masarakat désa Sekarwangi. Ya mengkononlah urip ning désa. Wong sugih dihormati, wong mlarat boro-boro dimelasi. Waktu iku, Man Akil mampir ning warung kopi Mang Kamad. Masih ésuk sedurungé wong-wong sarungan miring nggo kaos kutang pada ngopi. Warungé Mang Kamad nembé buka. Nembé bérés-bérés nyiapnang keperluané. Nanging, ana Man Akil teka pesen kopi ireng. Bli usah nglanjutnang bebérésé, langsung Mang Kamad mbari nyengir hormate nggawénang pesenané. Kopi bubuk khas Acéh dituang lan gula secukupé. Banyu ning

térmos ngepul-ngepul siap dituang. Adukan kopi Mang Kamad konon durung ana sing bisa nyaingi. Kopi Acéh gawéané Mang Kamad konon luwih énak sing kopi Acéh gawéané wong Acéhé déwék. “Durung mangkat tah?” kocapé Mang Kamad mbuka obrolan. “Nggih Mang, arep ngopi dikit lah sedélat,” jawabé Man Akil. Cuma semono obrolané nggo mecah sepi baé, nggo tambah blénak baé. Sebab, Mang Kamad sibuk nyiapnang warungé. Ngaduk-ngaduk bahan bari pén nggoréngi oncom, tahu, capu, cipéng lan séjéné. Pelanggan setia Mang Kamad teka. Idéntik nganggo kaus kutang, sarung dislémpangaken bari koloran. Kumisé péngén nyebrang ning lambé. Mang Mijil biasa diundangé. “Eh ana Man Akil, tumbén ésuk-ésuk pisan? Biasané kula sing teka dikiti,” sapa Mang Mijil. “Nggih, Mang, kula andon ngopi baé, iki langsung arep mangkat Mang, hayulah dikiti...” jawabé Man Akil bari bayar kopi lan lunga ninggalaken warung niku.

Seolah ngindar ning Mang Mijil. Seolah wis biasa Man Akil ngindari ngobrol-ngobrol karo pelanggan setiaé Mang Kamad. Sedurungé batur-batur séjéné teka, sedurungé obrolan iku manjing kupingé Man Akil, piyambeké luwih milih lunga. Dudu moni bli péngén sosialisasi karo warga, dudu moni sombong. Man Akil duwé alesané déwék. Wong lanang sing perawakané gagah, kulité sawo mateng, rambuté lurus rapi lan duwur nggo ukuran masarakat desa. Sugih, duité akéh, umah duwé, mobil duwé, usahaé lancar, dérmawan sering nyumbang duit, lan alus budi pekertié, kurang apa maning sing Man Akil? Nanging, sampé sekien, Man Akil durung duwé rabi. Perihal ikulah alesané Man Akil ngindari obrolan pelanggan setia Mang Kamad, sebab piyambeké wis umur 34 taun.

Man Akil bisa dianggep suksés ning bisnis, nanging bli ning urusan asmara. Cuma Man Akil sing weru, sing ngrasani. Pernah ping pirangkali, warga desa Sekarwangi njodohnang anak perawané karo Man Akil, sing awit anaké wong sugih sampe anaké wong biasa. Sing awit ingkang ayuné kaya Déwi Drupadi sampé kaya Kén Dédés ditolak kabéh. Cuma Man Akil sing ngrasani, wong séjén ora bisa ngerténi. Dada Man Akil nggeter baka ngrongkolang soal rabi.

Pernah waktu kuen Pak Kadés ngomong ning Man Akil perihal anak wadoné sing siji-sijine naksir ning piyambeké. Man Akil sing sibuk pisan iku ngerténi kerna diundang ning Pak Kadés kon marek ning umaé. Pikir déwéké ana soal sing penting, nanging bli disangka bli diduga Pak Kadés nyoba ngelobi Man Akil ambir gelem nikahi anak sematawayangé.

“Man, jaré kula sih wis wayahé sampéyan niki kawin, opo ora kepéngén urip ana sing mbaturi?” kocapé Pak Kadés.

“Nggih Pak, kula péngén sih péngén, nanging mboten wonten ingkang cocok baé,” timpal Man Akil.

“Loh sampéyan niki péngéné ingkang kepripun toh Man?” takoné Pak Kadés penasaran.

“Eee... nganu Pak,” Man Akil kéder jawabé.

“Yowés, aja suwé-suwé. Gelem bli lamon karo anaké kula Man?” potongé Pak Kadés.

“Eeee... ngko tak pikir-pikir dikit ya Pak,” jawabé Man Akil bari langsung izin pamit ning Pak Kadés.

Man Akil bli nyangka undangané Pak Kadés langka saut pauté karo désa atawa program désa. Piyambeké ora nyangka sampé semonoé Pak Kadés ngundang kon marek ning umaé cuma kerna perihal “kawin”. Dada Man Akil nggeter seirama karo nada geter *handphone* ning jero éndong celanaé. Masih ning dalan, Man Akil nepi sedélat sedurungé nyampé ning garasi umaé. Tak deleng *handphone* sing gambar burié apel kroak persis dipangan kalong. Nongollah aran Mad Kucluk, panggilan tak terjawab. Man Akil wis nduga lan ngerti tujuané Mad Kucluk nélpon déwéké, wis langka maning pasti arep nyilih duit.

Nanging, tulisan Mad Kucluk nggawa pikirané Man Akil ning kejadian waktu masih bocah. Kelas 3 ESDE luwih pas'é. Piyambeké karo Mad Kucluk lan Wan Abud dolan-an ning alun-alun. Dedolan bal-balan plastik. Gawangé mung siji, tiang gawangé mung nggo sandal bocah telu kuen, amba gawangé patang jangka, duwur gawangé gaib, sing nentunang ukuran duwuré iku bocah kang alibié kuat lan duwé jiwa kepemimpinan ingkang bisa ngaruhi baturé bahwa bola iku manjing atawa beli. Giringan dimulai! Pripitan tanda pragat mung suara adané marbot mesjid alun-alun désa Sekarwangi. Nanging soré niku, adan durung krungu bal-balan wis menda. Sebab, ana wong rainé ditutupi kaya dokter pengen ngoperasi mareki Man Akil, Mad Kucluk, lan Wan Abud.

Wong iku nawari arep ngupai duit ning bocah telu kuen. Duit kertas warna biru dingédé-ngédé'aken ning arep rai. Kocapé wong iku, baka pengen duit kuen kudu nuruti perintahé wong iku. Man Akil, Mad Kucluk, lan Wan Abud manut. Nanging, jaré wong iku kudu gantian siji-siji. Man Akil olih giliran pertama dikongkon mélu ning wong iku, digepel tangané Man Akil digéréd ning salah siji toilét mesjid. Sepi, langka sapa-sapa ning mesjid iku. Marbot durung wayahé teka lan ngumandangkan adan. Tamu sing arep sembayang ashar langka sebab wis jam 5 soré. Man Akil kewedian déwéké dikongkon manjing toilét, disekap cangkemé, diplorodnang celana koloré. Man Akil brebes milih pas benda keras nusuk lobang anusé. Duit warna biru dipanjingnang ning éndong celana koloré, wong iku lunga kerna krungu suara langkah sandal marani mesjid. Adan dikumandangkan ning marbot.

“Kil, Kil!” suara lan tepukan ingkang nyadarnang Man Akil ning lamunané. Ikulah Pak Kadés ingkang arep nuju lapangan bola. Sepisan maning Pak Kadés ngingetnang anak wadon siji-sijiné ning Man Akil sambil nglangkah lunga. Man Akil sekonyong-konyong kagét ndeleng jam *Rolex* ning tangané. Langsung marani garasi umaé, manjing ning mobil *Civic Tipe R*. Tancep gas ninggalaken suara nderu balap mobil, godong kuning pada ngléyang. Sédalan-dalan Man Akil ngebut, suara knalpot mbelah dalan nusuk gendang kupingé wong-

wong sing nongkrong ning pinggir dalan. Man Akil mbrebes milih, banyu mataé arep nyebrang ning lambé tipisé bari ngomong ning sejerone ati “Kedelengé, sing fisik isun niku lanang, nanging jiwaé wadon.”

Biodata pendek penyerat.

Aran lengkapé penyerat Jaki Yudin, S.Pd. saking Cirebon. Saiki statusé mahasiswa aktif Pascasarjana Universitas Sebelas Maret Surakarta.

KUPING MAMPET

déning : SULASNURPENI

Ning salah siji désa, ning Kabupatén Cerbon tepaté ning Désa Panguragan, ana siji keluarga cilik. Keluarga iku beli salah yaiku keluarga Mang Burhan. Propésiné Mang Burhan yaiku dadi pegawé ning salah siji kantor swasta kang ana ning Kota Cerbon.

Mang Burhan duwé rabi kang arané Bi Wasih. Keluarga Mang Burhan dipercaya duwé anak loro. Anak pertama lanang, arané Bayu kelas 5 SD. Anak keloro wadon, arané Tika kelas 3 SD.

Ning salah siji dina, Tika anak Mang Burhan nangis, karo nyekeli kupingé. Krungu anaké nangis, Bi Wasih kang dadi emboké kéder.

Tika : “Aduh mi...kupingé lara....!”

Bi Wasih : “Kenang apa nok ?”

Tika : “Kupingé lara, mi...!”

Bi Wasih : “Ngko coba dideleng ning mimi kupingé.”

(Bi Wasih njukut lampu sénter kanggo ndeleng kupingé Tika.)

Bi Wasih : “Langka apa-apaé jéh, nok...”

Tika : “Tapi lara pisan, mi...”

Bi Wasih : “Ya wis, ngko soré ning dokter baé diperiksaken.”

Tika : “Iya, mi...”

Wayahé soré, Bi Wasih karo Tika lunga marani dokter. Jam prakték dokter kang dituju jam 18.00 tekan jam 20.00 WIB, utawa jam 6 soré tekan jam 8 bengi.

Dokter : “Sapa kang gering, mi...?”

Bi Wasih : “Iki dok, anak kula dianglu kupingé lara. Kenang apa ya, dok ?”

Dokter : “Sok méné diperiksa, kupingé dideleng.”

(Dokter meriksa kupingé Tika loroané dideleng nganggo sénter.)

Dokter : “Langka apa-apaé, mi... Kaya-kaya kiye sih mung kotoran kuping baé. Kotoran akéh, dadi mampet terus lara.”

Bi Wasih : “Wooooo...mung kotoran kuping tah dok ? Dadi kudu kepribén dok ?”

Dokter : “Iya wis, sekiki ésuk baé ning Puskesmas. Ning kéné langka alaté kanggo njukut kotoran kupingé.”

Bi Wasih : “Iya dok...”

Sekiki isuk Bi Wasih karo Tika lunga marani Puskesmas kang beli adoh sing umah. Setekané ning Puskesmas, Bi Wasih daftar dikit supaya olih karcis periksa. Bi Wasih karo Tika jagong ning tempat kang wis disediakaken karo nunggoni gilirané diundang. Pas arané Tika diundang, Bi Wasih karo Tika langsung manjing ning ruang periksa.

Dokter : “Sapa kang gering, mi ?” Gering apa ?”

Bi Wasih : “Iki dok, anak kula lara kupingé. Wingi wis diperiksa dokter, jaré dokter kongkon teka ning Puskesmas, arép dijukut kotoran kupingé.”

Dokter : “Wooooo...iya, kang wingi soré teka yang ning tempat prakték ?”

Bi Wasih : “Iya, dok..”

Dokter : “Waduh, amit mi...alaté lagi dienggo ning dokter

kang séjén. Kepribén lamun sekiki maning baé mimi méné maning ?”

Bi Wasih : “Woooo...iya wis dok..” Kesuwun ya dok..”

Dokter : “Sami-sami...”

Akhiré Bi Wasih karo Tika balik ning umah. Teka ning umah, Bi Wasih cerita ning Mang Burhan, lakiné. Bi Wasih rembugan karo Mang Burhan kango meriksaken Tika ning dokter spesialis THT. Lantaran saking émané ning anak, Bi Wasih karo Mang Burhan nggawa Tika ning dokter spesialis THT. (Setekané ning dokter spesialis THT....)

Dokter : “Sapa kang gering, mi ? Gering apa ?”

Bi wasih : “Anak kula, dok... Kupingé dianglu lara..”

Dokter : “Coba méné diperiksa kupingé.”

(Dokter meriksa kupingé Tika nganggo alat kedokteran. Sewisé dokter ndeleng utawa meriksa kupingé Tika...)

Dokter : “Mi, kiye sih kotoran garing kang ana ning jero kuping... Lantaran wis suwé lan akéh, dadi lara ning kuping..”

Bi Wasih : “Dadi kepribén, dok ?”

Dokter : “Ngko, disemprot obat... Ambiran kotorané metu..”

Bi Wasih : “Iya wis, dok...beli apa-apa..”

Dokter jaluk tulung asistené kanggo nyekeli wadah kanggo buwang kotoran kuping. Dokter nyemprot kupingé Tika. Bareng bolongan kupingé Tika disemprot nganggo banyu kang dienggo kanggo ngetokaken kotoran kuping, bener baé kotoran kupingé Tika metu segedé-gedé wijil jagung. Sewisé kupingé Tika kang kanan lan kiwé disemprot banyu, terus diberséni nganggo kapas. Sewisé diberséni, terus Bi Wasih konsultasi karo dokter.

Bi Wasih : “Kepribén dok, kotoran kupingé wis metu kabéh tah ?”

Dokter : “Wis, mi... Kudu rutin diberséni kupingé. Paling beli 6 wulan sepisan.”

Bi Wasih : “Iya, dok....Kesuwun ya, dok...”

Dokter : “Iya, sami-sami..”

Sewisé konsultasi karo dokter, Bi Wasih bayar dikit, terus balik. Teka ning parkiran motor, Mang Burhan ngurubaken mesin motor. Pas mesin motor muni, Tika njerit karo nutupi kuping loroané.

Tika : “Bribin, ma....bribin....!”

Mang Burhan : “Kenang apa, nok ?”

Tika : “Swaraé mesin motor, ma...bribin....!”

Sedalan-dalan balik marani umah, Tika jejeritan baé karo nutup kuping. Apa maning lamun ana motor kang swara knalpoté banter, terus nyalip motor Mang Burhan. Tika tambah njerit.

Rupané lantaran kotoran kupingé akéh lan garing, kupingé Tika dadi mampet. Lantaran mampet, dadi rerungoné gét rada kurang. Bareng wis diberséni kupingé, kotoran kupingé dibuwang, dadi kupingé ngeplong rupané. Berarti selawas iku, Tika ngrasa beli ngeplong rerungoné. Lamun nonton TV gét swara TV kudu banter. Sekabéhé iku lantaran kupingé mampet kenang kotoran kuping.



TAMBANGAN

déning KUSYOTO

Balangaken tambangane, jare bapane kita kala waktu mobil travel sing ditumpaki sekeluarga alon-alon manjing sasak kali Sewo, semu gage mbalangaken duit receh limang atus perakan, wong-wong kang ana ning pinggiran sasak nganggo sada lanang sejenis sapu lidi sing disambung kayu dawa rebutan ngoreh-ngoreh duit sing di balangaken semu, supir-supir sejene meluan pada nawuraken duit receh ning tengah sasak kali Sewo.

“Pak, kenangapa wong-wong iku pada rebutan duit sing di tawur semu?” jare bocah enom mau, umur bocah enom iku seitar telulas taun.

“Kuen sing diarani tambangan,” jare bapa.

“Tambangan?”

“Iya, jare wong tua-tua bengen lamun arep nyebrang sasak kali Sewo kudu tawur duit, bapa seumurmu sira kala waktu diceritakaken sejarane sasak kali Sewo.”

“Priwen lamun ora ngupai tambangan, pak?”

“Jare jeh nalika taun kepungkur, tanggal 11 Maret 1974, ana beja lan sampe manjing berita salah sewiji kejadian ngenesaken sing dialami rombongan Transmigrasi asal Boyolali, mobil bis sing ditumpaki mau kecelakan, kebakar ning satengae sasak kali Sewo, penupange mati kabeh, sing selamat cuma bayi siji-sijine.”

“Sebabe ora tambangan tah pa?”

“Embuh ari monone mah, tapi kita sebabe wong muslim kudu percaya gaib, lan serahaken kegaiban iku tetep meng gusti pangeran, gusti Allah subhanahu wataala.”

“Ceritane priwe kunuh pa?”

“Ceritane mengkenan, kuniku....”

Bapak mulai cerita ikwal sejarah sasak kali Sewo lan tradisi tambangan, kali Sewo ana ning dalan Pantura perbatasan antara Kabupaten Indramayu lan Kabupaten

Subang, tepate ning desa Sukra.

Ki dalang mbedol kayon, gamelan laras pelog lan waranggana ngereng-ngereng nembang macapatan ngiringi pagelaran cinarita sing arep diwedhar.

Ning taun 1947 kala waktu bangsa endonesia dau merdeka ning seputeran peristiwa nipong mentas sing laut Eretan Wetan, wilayah sumur sere, cerita anakan menusa sing baturan lan muja Iblis diwedhar.

Anane mang Sarkawi sing arep lunga kaji meng ngarab kegembang karo rangda anyaran, lunga kajine ora sida malah kawin karo rangda mau, sing dadi rabiné mang Sarkawi kecewa lan setres iku rabi enome digawa meng umah, tentu bae rabi tuane mang Sarkawi sing aran bi Inah dadi mengkel sewayah-wayah ngaweruhi deweke diwayu, sebab kuen akire bi Inah ninggal sing alam dunya ningglaken anak loro lanang lan wadon, anak lanang arane Saidah anak wadon arane Saeni, sayange rabi enome mang sarkawi ato embok walone Saidah lan Saeni iku ora eman karo anak kewanone, luwih demen ning mang Sarkawi daripada ning anak kewanone, tapi lamon ana mang Sarkawi sikapé bagus seolah-olah eman lan sayang karo Saidah lan Saeni tapi kala waktu mang Sarkawi lunga dagang ninggalaken umah sikap embok kewanon iku galak pisan, ning sewijine dina embok kewanon Saidah lan Saeni iku ngajak bocah mau jalan-jalan ning alas, nanging setelahe ditinggal lunga tanpa dupai pesangon.

Bocah loro mau keblangsak-blangsak luru dalan balik tapi malah kesasar adoh manjing ning setengahe alas.

“Kang Saidah, kita crocod kang pengen mangan, seret pengen nginung,” jare Saeni sing mulai nangis sengraksengruk.

“Sabar ya nok Saeni, mengko kakang arep gulati banyu,” jare Saidah sing arep lunga ninggalaken Saeni, tapi bocah lanang mau kaget bli sewayah-wayah nalika ning iringane wis ana wong tua sing nganggo klambi jubah putih lan due kumis, jenggot sing wis pada putih kabeh.

“Aki sapa? Ijig-ijig ana ning iringane kita?” jare Saidah.

“Kita buyute sira, nang Saidah nok Saeni.”

“Buyut, jare baba Sarkawi, buyute kita wis mati.”

Wong tua mau cuman mesem.

“Wis ora usah akeh mikir lan takon, ayu melu aki meng umah.”

“Umae aki buyut ning endi?”

“Parek ning sewalike alas kien,” jare wong tua mau karo ngandeng tangan Saidah lan Saeni.

Lawase dina gelise wong kanda aki-aki mau ngingu lan ngopeni bocah loro mau sampe gede kelawon-lawon, aki-aki mau ngajari Saidah ngendang lan ngajari Saeni jogged lan nembang, besuk Saeni dadi ronggeng ketuk lan Saidah dadi pengendange. Saingan antar ronggeng ketuk ning jaman semana sampe ngelibataken dukun kanggo ndongkrak penglarisan, sayange Saidah lan Saeni

kesindet perjanjian goib pesugihan lan penglaris karo salah sewiji penunggu kali Sewo, penunggu kali Sewo mau arane Wali Kitri.

“Saidah lan Saeni anak menusa, apa sira wis weruh resikone memanjing?” jare sang Wali Kitri, siluman buaya putih kali Sewo, siluman iku bentuke sing dada meng endas wujud buaya, sing dada meng sikil wujud menusa.

“Resikone apa?”

“Sira wong loro bakal dadi terkenal, sira Saidah dadi pengendang terkenal lan sira Saeni dadi ronggeng terkenal tapi sira mudu nyerahaken jiwa lan raga karo bangsane kita, bangsa siluman kali Sewo.”

“Priwen kang Saidah?” jare Saeni.

“Ya wis kepalang tanggung,” jare Saidah.

Ahire Saidah lan Saeni terlibat persekutuan gaib, muja siluman buaya putih, jare wong dermayune memanjing.

“Tapi inget pantangane sing kudu diindari.”

“Apa pantangane mbah?”

“Aja kena banyu udan lan aja ngelangkahi bayu milih,” jare siluman buaya mau.

“Iya sanggup mbah.”

“Bagus,” jare siluman buaya putih mau karo gemuyu ngatak-ngatak, ana maning anak putune Adam sing kejerumus ning kemusrikan, lan besuk mbaturi kita ning neraka jahanam,” ngebatin si siluman buaya putih.

**

Ora nunggu lawas Saidah lan Saeni dadi bintang pantura terkenal sekubenge wilayah Ci Ayu Maja Kuning, unggal dina ditanggap ning sejen-sejen desa, pribasane laris manis tanjung kimpul, andegane laris dute ngumpul. Tapi arane geh menusa ana bae sing kudu ana cerita, ana bae sing sirik dengki ora rela endeleng wong sejen sukses, Martaman dalang ronggeng ketuk saingan berat Saidah lan Saeni, wong wadon mau glati rahasia lan keapesane, kelemahane Saidah lan Saeni.

Martaman akhire ngaweruhi rahasia Saidah lan Saeni, ning salah sewijine dina Saidah lan Saeni sing lagi mentas dibanjur banyu udan genang Martaman, ndadak sekala Saidah ora bisa nabuh kendang maning lan saeni ilang suara baguse, suarane dadi blesak lan serak, karna sasah Saidah lan Saeni mlayu sewayah-wayah ora meratiaken ning arepan ana kalen cilik, beli sengaja Saidah lan Saeni ngelangkahi bayu milih, apa sing kejadian? Awake Saidah lan Saeni dadi buaya putih, lan langsung nggebur ning kali sewo.

“Nah, mengkonon ceritane, kanggo ngormati Saeni minangka ronggeng, embuh sapa sing mulai nganakaken tawur duit ato saweran kanggo Saidah lan Saeni, budaya iku tetep ana sampe sekien,” jare bapa ngahiri ceritane.

“Terus bayi sing luput akibat kecelakaan iku sekien ning endi lan priwe kabare pak?”

“Jaremah bayi sing selamat mau diemet lan diangkat anak genang pengusa Negara iki waktu kuen,”

jare bapa ngahiri ceritane seiring cleret kuning gading ning bengawat kulon.

Pragat. Indramayu, 2019

KUSYOTO, lahir ning Indramayu 02 Juli 1977, anak pembarep sing mung due sedulur siji-sijine iku aktif nulis sing masih sekolah SMA,



nulis miturut e iku kayadene therapy lan ajang kanggo silaturahmi, penulis kegiatane ning Dewan Kesenian Indramayu bagian komite Sastra. Asil karyane semisal puisi lan cerita cendek wis diterbitaken ning Koran-koran lan majalah nasional.

SIOMAY PARANGTRITIS

déning **KINANTI JETTA YUPAKSI**

Murid SMP Negeri 5 Kota Cirebon

Ning salah siji dina, rombongan sekolah isun piknik ning Yogyakarta. Tempat kang ditekani salah sijiné yaiku Pantai Parangtritis. Kabéh kang mélu piknik kedeleng bungah. Ana kang pada foto-foto, ana kang lagi deleng pemandangan pantai kang éndah, ana kang lagi nikmati semriwingé angin pantai Parangtritis, ana kang dolanan motor-motoran, lan ana kang lagi dolanan pasir pantai. Beli ketinggalan, isun uga mélu seneng-seneng ning tempat rékréasi kang siji iku.

Lagi énak-énaké isun dolanan, temu-temu isun dikagétaken batur isun kang arané Dida lan Mira mareki isun, ngundang aran isun, lan jaluk tulung karo ambekané sengal-sengal.

Mira lan Dida : “Farah, tulung...tulung...tulung sih....!”

Isun : “Ana apa Mira, Dida....? Ana apa?”

Dida lan Mira terus cerita ning isun, yén bocah loro iku lagi dolanan motor-motoran, kang nyetir Mira, terus nabrak pér. Dudu mung nabrak pér, Mira uga nabrak pengunjung séjén kang lagi ngadeg ning pinggir pantai. Lantaran nabrak pér, terus jaran ning pér iku nabrak dongdangané wong dagang siomay kedik.

Miturut Dida lan Mira, bisané motor kang ditumpakié nabrak pér, pengunjung séjén, lan dongdangan siomay iku, lantaran rém motor-motoran kang ditumpakié blong. Lantaran rémé blong, Mira beli bisa ngandegaken motor iku, terus nabrak pér. Sialé maning, Mira kena sépak sikil jaran kang ditabraké. Lantaran sépakan sikil jaran iku banter, dadi baé pinggir mata Mira benjut. Pas Mira lagi nahan lara, jaran kang ditabrak mau wis oléng mlayué. Terus jaran iku nabrak dongdangan siomay. Lan-taran wedi diséwoti wong akéh, Dida lan Mira langsung mlayu nemoni salah siji guru kang mélu piknik. Terus guru iku teka ning tempat kedadiyan. Guru isun uga kagét, ndeleng panci wadah siomay wis malik. Siomay, tahu, batagor, endog, kol, lan sambel siomay tumplek kabéh.

Guru isun terus nekani pengunjung kang ditabrak Mira. Keanaané sikilé lécét setitik, Alhamdulillah, pengunjung iku beli nyéwot. Déwéké nyadari yén kedadiyan iku lantaran cilaka. Akhiré guru isun jaluk pangapura ning pengunjung iku.

Bu Guru : “Bu, kepribén keanaané?”

Pengunjung : “Beli apa-apa bu, arané gét wong cilaka..”

Bu Guru : “Digawa ning dokter baé tah, bu?”

Pengunjung : “Beli usah bu, engko gét waras..”

Bu Guru : “Pangapura kula lan murid kula nggih, bui...”

Pengunjung : “Nggih, sami-sami..”

Sewisé nekani pengunjung kang ditabrak Mira, guru isun nekani wong dagang siomay kang lagi bérés dagangané kang tumplek kabéh.

Bu Guru : “Bu, kepribén dagangané?”

Bakul Siomay : “Iya kih bu, dagangan kula tumplek kabéh..”

Bu Guru : “Dadi urusané kepribén?”

Bakul Siomay : “Ya, pribén ya... Kula durung nglayani acan-acan... Kula tembék teka, ketabrak, tumplek kabéh..”

Bu Guru : “Ibu péngéné kepribén?”

Bakul Siomay : “Kula mung jaluk ganti rugi baé... Lamun kula lelayan sampé entok, olihé patangatuséwu. Tapi, lantaran isun durung nglayani, isun jaluk balik modal baé wis...”

Bu Guru : “Modalé pira kuwen?”

Bakul Siomay : “Modal kula rongatus séketéwu..”

Bu Guru : “Yaw is, mi...ngko ganténi..”

Pas guru isun lagi omong-omongan karo wong dagang siomay, terus teka pengelola dolanaan motor-motoran iku.

Pengelola motor : “Ana apa iki ramé-ramé?”

Bu Guru : “Iku mas, murid isun nabrak wong dagang siomay... Dagangané tumplek kabéh. Terus jaluk ganti rugi balik modal baé.”

Pengelola motor : “Jaluk ganti pira?”


Bu Guru : “Jaluke rongatus seket ewu..”

Pengelola motor : “Ya wis, isun tanggung jawab kang duwé motor... Bagén kula sing bayar satus séketéwu, sampéyan bayar satuséwu.”

Bu Guru : “Beli apa-apa tah mas?”

Pengelola motor : “Beli apa-apa bu, isun tanggung jawab.”

Akhiré Mira ngetokaken duit satuséwu kanggo ngganténi modal wong dagang siomay. Satuséwu iku patungan séketéwuan karo Dida. Mira lan Dida langsung jaluk pangapura ning wong dagang siomay iku kang dagangan wis tumplek lantaran motor kang ditumpaki Mira lan Dida nabrak. Sewisé Dida lan Mira jaluk pangapura ning wong dagang siomay iku, atiné Dida lan Mira ngerasa plong lantaran urusané wis bisa dipragatakan. Dida lan Mira wis gelem jujur lan tanggung jawab ning apa kang wis dilakokakené, padahal iku beli disengaja.



CRITA NYAMBUNG

MOLANA HIDAYATULLAH PINANGGIHAN LAN PANGERAN WALANGSUNGSANG

Sinalin Saking Babad Cerbon

déning MUHAMMAD MUKHTAR ZAEDIN

Kocapa ing nagara Banisarail, sang raja putra Molana Hidayatullah lagiya nyalira ing dalem gedong pajimatan amahos kitab Ushul Kalam, kang rinicik sinastra nejane, Jeng Molana sampun tampi ing surasaning kitab kang winahos, nedya temen sadyanira puruhita ing Jeng Nabi Rasulullah, sanadyan saking pawarta nora nana. Tetapi gusti Allah luwih kawasa, lan kang bangsa rohaniyah tuwin langgeng ora owah. Jeng Molana sigra miyos ing jawi medek ingarsanira ingkang ibu Kangjeng Ratu Rarasantang prapti sampun ingayunan, sigra matur, “Duh ibu, nuhun idin bade geguru ing Jeng Rasulullah, sadya pahilaran ing pundi pernahe.”

Kang ibu nulya angrangkul, “Mas eman putra ningwang, dadiya kawuningane Jeng Rasulullah wis sirna sampuna, malah wis turun sanga maring awake. Becik geguru maring para oliya, para ulama. Mendi, piliyen kang sira senengi. Aja sira ngulati kang bansa ora nana.”

Kang putra lumaksa tan kenging ingampo, sigra nuhun pamit lunta lampahira pinuju tanggal 5 sasih Jumadilawwal tahun babad 1329. Kang ibu karuna galasahan katilar dening kang putra. Antawis dalu nyupena pinanggih kalayan kang raka Jeng Sultan Hut, “He rayi Saripah Mudaim, den ikhlas, kang percaya maring Allah. Menawa putranira saking kona margane dadi pinujul. Becik sira dedongaha maring Allah, sarehing duk dingin sira kepengen kagungan putra lanang waliyullah kang pinunjul sabuwana.” Saripah Mudaim ingeting supena nira lajeng tobat maring Allah, anjungkung puja.

Kocapa Jeng Molana Hidayatullah kang lagi lumampa munggah gunung turun gunung, manjing alas

metu alas. Tan antara lami, nulya pinanggi kalayan taksa-ka ingkang langkung ageng. Wisane murub kadi brama ngadangi lampahhe Jeng Molana sarwi mujar, “He wong anom, sapa sira lan apa sadyanira mulane tinemu lan isun?”

Jeng Molana ngandika, “He naga, manira tuhu putra nata Banisarail sadya puruhita ing Jeng Rasulullah. Lan sira naga, apa tampa dalam rowangira lan sira bisa rerasan jalma?”

Mojar Sang Naga, “Isun iki Yamlika namane, asal saking neraka waktu jamane Nabiyullah Suleman. Lan sira aja terus jujuk ing Meka Madina sarehing Rasulullah wis sirna sampurna. Yen sira temen, dalam ngulon ing Pulomajeti. Lan iki Cepu Manik waris sira tampanana yen tinarawangaken weruh kang gaib lan sagunging tatamba, sanajen wis mati bisa urip.”

Cupu tinampan sampun. Jeng Molana mituhu caturung naga. Sigra pamit lunta lampahira amangulon nadya langkung mantep sadyanira tuhuning Allah kang kawasa.

Kocapa Ki Pandita Ampini lagi tapa sapinggiring Pulomajeti, sadya jiyarah anging ewuh ing marga. Tan dangu praptanira Jeng Molana. Ki Pandita langkung suka ning galih. Sigra ngandika, “He wong anom, sapa sira mulane tinemu ning kene. Lan apa sadyanira?”

Ngandika Jeng Molana, “Kula putra Banisarail, Hidayatullah namane, sadya puruhita ing Jeng Rasulullah.”

Ngandika Ki Pandita, “Apa sira durung weruh ing warta, yen Nabi Muhammad wis sirna sampurna windun

takeran tahun. Becik sahiki pada jiyarah ing Nabiullah Suleman ing Pulomajeti.”

Jeng Molana anderek karsane Ki Pandita jiyarah ing Nabiullah Suleman lunta lampahira. Tan antara dangu praptanira, nata ula sawer kang langkung ageng ngadangi lampa. Ki Pandita drogdog, “He Hidayatullah, sapira rek pendayanira?”

Ngandika Jeng Molana, “He sang naga, sumingga sumingkira manira. Satuhune sadya jiyarah ing Nabiullah Suleman.”

Sang naga mejar, “He wong anom, sira sun lilani nanging isun jaluk puwan sawarege. Mangko yen isun wareg, tamtu sabok ning kono kuping isun metu kaya lawe. Jukuten kanggo tumbal wisa lan rahayu saking baya.”

Jeng Molana sinareng ki pandita pahilaran puwan pikantuk sagriba. Nulya puwan inginumaken sampun. Sang naga nulya mabuk gumalinting ing kismayakti mijil kadiya lawe saking kupinge sang nata ula. Kebat jeng Molana nyandak lawe saking kupinge nata ula. Sigra lunta lampahira sinareng Ki Pandita kalaksanan sakathahing sarpa tuwin jin, setan, tan ana wani ngaru biru, selamat saking baya. Jeng Molana sinareng Ki Pandita sampun prapati ingarsane layon Nabiullah Suleman. Jeng Molana langkung satya tuhu. Ki Pandita sukarnaning galih, lagag logog seja mandung Lepen Mamlukat. Jeng Nabi maringi sasmita panudu ira obah. Tan dangu panyambare gelap sakethi, Ki Pandita remek, ajur, sirna sempurna. Jeng Molana kabiyas kawur dumugi puncaking gunung. Sigra Jeng Molana tobat maring Allah sehering kadya nyakutoni wong laku durjana, sarehing sesikune Nabiullah Suleman angrahos pejah. Jeng Molana bakdane tobat anuli tumindek pinanggi lan wong tapa kang nyanding Kendi Pratula. Jeng Molana ngandika, “He sang ngatapa, punika Kendi Pratula milike sinten? Kawula arsa nginum toya.”

Sang ngatapa sumahur, “Wallahu aklam, netkala isun mulahi tapa, kendi wis sumanding.”

Jeng Molana ngandika, “He Kendi Pratula, sira sapa kang duwe milik sarehing sun arsa nginum.”

Kendi sumahur, “Kula kendi, asal saking suwarga waktu temurun jamane Nabiullah Nuh. Inggih tuwan kang derbeni milik.”

Kendi nulya den inum banyune tan telas, nulya kendi den selehaken. Kendi sigra ngucap, “Tuan pinasthi jumeneng nata saturune, nanging boten tutung ing akhir sinelan sampe kalindi den kumandi.”

Kendi lajeng den inum malih sampe toyane telas, nulya kendi sinalehaken. Kendi sigra mesat ing gegana wangsul ing asale. Jeng Molana angrahos padang panarawangan segunging kang gaib sami katingalan, lan selira seger ganda-ganda ning salira langkung merit. Sang nge-tapa langkung heran tan anyana yen kendi punika tiasa ngucap kadi manusa lan bisa mesat ing gagana. San ngatapa inget ing sasmita. Sigra jingjin rebon pinaringaken kang watek terang kang bangsa gaib, lan pitung langit pi-

tung bumi nrawang lan amot sasihining alam. Jeng Molana matur kesuwun. Tan antara, lajeng pamit lunta lampahira.

Kocapa wonten sanunggal tiyang estri kang pinunjul sabuwana sadya ngawula, nanging Jeng Molana tan karsa nampi wuning saking panggodane ratu ning dunya. Sigra lunta lampahira, tan dangu sinegat tiyang jaler sajuga tuwin mireng suwara ing gegana kang langkung endah. Jeng Molana tan karsa nampi sarehing wuninga ratuing setan sawadyane arsa anggoda, lunta lampahira Jeng Molana. Jeng Molana trussing lampa kasarug dening pepeteng langkung sangsara, tan dangu praptinira Nabiullah Ilyas, Jeng Molana sigra angaturi pangabakti.

Ngandika Jeng Nabiullah Ilyas, “Hidayatullah, tampanana klambi pinangka kanggo pangruwating badan. Wateke yen wis rinasuk kadi malaikat manjing atos ora bolong, geni ora manasi, ing jero banyu ora nelesi. Yen lelakon amung sakedap netra.” Rasukan sampun kathampi, nulya rinasuk. Jeng Molana matur kasuhun.

Jeng Nabi ngandika, “Sun tudu sira sahiki, munggha ing pucuking gunung, tinemu lan wong lanang kang nunggang jaran. Sira jaluka pitulung.”

Jeng Molana mituhu nulya pamit, lunta lampahira ing pucuking gunung. Tan dangu praptanira Nabiullah Hidir niti kuda Sembrani. Jeng Molana sigra nyungkemi ngaturi bakti ing Jeng Nabi Hidir, nulya maringi wowohan kang ijo saking suwarga. Jeng Molana matur kasuhun, nulya dinahar sampe telas, kalangkung nikmat sinareng medal cahya Nurbuwat miwah teja kuwung-kuwung, lan uninga sakathahing wirahos mabarang kumilik jin, setan, malaikat, manusa, sato, tuwin banyu, angin, pon mengarti basanira sadaya saking kasiyate wowohan mahu anyarambahi barkate tigang turunan.

Jeng Molana nuhun pituduh mugenggang kang sinadya. Jeng Nabi karsa mitulungi Sang Molana katimbalan becong sinareng niti kuda Sembrani. Sigra mesat ing gagana tumalarap kadi kilat. Antawis dumugi ing Ajrak, Jeng Molana kapuri tumedun, Sang Molana nulya medun, prapti ing kraton Ajrak pinanggi ingarsanira Sang Prabu Abusapari. Sang Prabu langkung suka ning galih, rinangkul-rangkul. Jeng Molana sampun lenggah sajajar.

Ngandika Sang Prabu, “Bageya sapraptane putunipun, bagja temen sira tinemu ning kene. Apa kang sinadya tumeka ingarsane eyang?”

Ngandika Jeng Molana, “Kang wayah matur sayakti, amba pahilaran Jeng Rasulullah sadya temen geguru, mungghing eyang paring pituduh.”

Sang Prabu ngandika sarwi mesem, “Kurang satalanjung maning, margane sesuguwe eyang supaya kadahar wowohan paparinge malaikat sadunya tanpa tanding.”

Wowohan sampun tinampi nulya den dahar ngantos telas, rahose sewuh nikmat sewuh kasiyat anyarambahi barkate dumugi sangang turunan. Jeng

Molana ngantos kasirep dening nikmate.

Sang Prabu nulya nimbali Kiyan Pati, “He Pati Osal-asil, iki putuning wang Molana Hidayatullah gawahen ing Damsik, panjingena ing Masjid Mira Wulung. Sigra Sang Molana binakta prapti sampun ing masjid Mera Wulung. Tan antara dangu, Jeng Molana anglilir angrahos sanes jaman aningali para arwah kang mati sabil tuwin wong-kang ahlul makripat. Jeng Molana sapocapan sagunging arwah lan sami andungahaken munggi kalaksanan saking sadyane. Jeng Molana sumeda anengingaken cipta aneges karsaning Yang. Tan dangu wonten suwara kang kapiireng, “He bagja temen sira wong anom, karidon dening Allah Tangala.” Mungguh langit ambal kaping nem tinemu ing sadyanira lan Jeng Nabi Muhammad shallallahu ngalaihi wasallam rikala tanggal 27 santun Rajab marengi babad jaman 1329, duk mikraj Molana Hidayatullah.

Dupi Jeng Molana sampun mireng suwara kang gumawang, nulya Molana tumeka ing ngawiyat aningali yakti langit sampun bika. Para malaikat samiya angawe-awe, Jeng Molana sigra umesat prapti sampun ing jero langit kapisan. Jeng Molana uluk salam sagunging para malaikat sinahuran sampun. Sangunging para malaikat sami ngaturi binga-binga. Jeng Molana mulya mungguh ing langit ambal Kapindo. Terus minggah malih ing langit ambal Kaping tiga. Jeng Molana terus mungguh malih ing langit dumugih ambal kaping nem. Para ambiya tuwin para malaikat kang sampun pinanggih ing ulukan salam samiya ambinga-binga, muji kasukuran maring Allah. Jeng Molana sigra sampun prapti ing langit ambal kaping nem. Jeng Molana mangu tan nana liyan kang tininggalan amung cahya kang langkung agung kadiya anyarambahi pitung dunya. Jeng Molana mulya sujud sewuh nikmat suwuh rahmat kadiya sirnaning papan kalawan tulis, maka nuli wonten suara kang kapiireng, “Aja sira sujud padaning anyar, sujud ingkang kadim.”

Jeng Molana inget ing suara, nulya ingngangkat sirahe aningali ing dalem Hak kang kelawan setuhune Jeng Nabi Muhammad amaringi Sejatining Sahadat kang bangsa Lalipatus Sirri. Sampun rampung genira amejang. Jeng Nabi ngandika, “Sun paringi jenengan Insan Kamil namaira, jumeneng Wali Kutub pinangka Wakil Mutlak isun. Ora nana ing nabi, iya ana ing wali kutub. Ora nana isun, iya anaira. Pon ora nana wujud loro. Lan sira anggalara agma Islam rukune limang perkara; sahadat, salat, puasa, tuwin jakat pitrah, mungga haji kang kawasa ing dalane, lan tinetepna apa kang kasebut ing dalem Quran. Lan poma sira aja bae ngungkul-ngungkuli ngebat-ngebati kang tanpa amal kabecikan. Lan sira geguruwa apa ngadat pranti ingdalem dunia. Kang bener akone den nastiti, ngati-ngati kang sejatine.”

Jeng Molana matur kasuhun punapa sih marma ning Rasul. Insan Kamil nulya nuhun pamit, sigra tumedun ing langit kaping gangsal, terus temurun sahingga langit kapisan. Insan Kamil sampun pamit uluk salam sagungin para anbiya tuwin saguing para malaikat,

sinuhun sampun. Alhamdulillah rabilkalamin sinareng tasbeh. Insan Kamil sigra tumedun aniti mega putih, prapti sampun ing kadaton Ajrak. Sang Prabu sampun pinanggih ingngayunan sakalangkung sukaning galih, ingormat-oromat. Tan antawis dinten, Jeng Molana nuhun pamit lunta lampahira niti maliga kancana ingiring jin Sadomas tuwin Patih Osal-asil anderek. Tan dangu prapti sampun Jeng Molana ing keraton Banisarail pinuju nispu Saban tahun babad 1329. Nulya prapti ingarsanira kang ibu, sigra rinangkul-rangkul kang ibu sanget ting sono. Geger wong sanegara sami binga-binga sarawuhe Jeng Molana. Kian Patih, Ki Pangulu tuwin Bupati, setana, mantri, sami cahos ngaturaken kawilujengan. Jeng Molana sampun cacatur jalaran pinanggih lan Jeng Rasul saking awal dumugi ing akir. Kacariosaken sadaya sakathahing kalampahan.

Jeng Molana tan antawis sasantun bakda siyam matur nuhun idin maring kang ibu, sadya haji ing Betullah sinareng jiyarah ing Madinah. Kang ibu anglilani pinaringan sangu satus dirham. Jeng Molana kesa nyalira tan karsa kaderekaken lunta lampahira, prapti sampun ing wana ageng. Tan dangu praptanira begal sasanga wong Yahudi. Jeng Molana ngandika, “Antolamanis, he Yahudi, sadyanira karep ing dunya, tampanana dirham satus saking paringe Jeng Ibu.”

Yahudi nampani sarwi rebutan wong sanga, ananging ciptanira begal tamtu iki masih akeh ing kandutane arsa ginubeg malih. Jeng Molana ngandika, “He begal, apa sira durung cukup. Iki ana maning wiwitan mas, bagiyen sabatur.”

Wong Yahudi langkung heran, wiwitan tinuding dadi mas. Ciptanira wong Yahudi, iku tamtu duwe ilmu kadunyan. Terusa dagang atawa bebegal yen wis duwe ilmu iku tamtu seneng. Dadi wong sasanga sujud tobat munggi kawejang ilmu kadunyan. Jeng Molana nulya amejang sahadat tiyang Yahudi. Sampun Islam sadaya berkah ing kang mejang, tiyang sasanga sami medal kramatipun, dadiya temen sadyane ngawula. Jeng Molana sigra lunta ing tanah Mekah ingiring Yahudi sanga prapati sampun ing tanah Meka, kalelesan ing waktu haji. Jeng Molana sarowange sami anetepi parduning haji.

Sabakdane haji lajeng terus ing Madina. Sabakdane jiyarah ing kubure Jeng Rasul, nulya lumebet guru ing tanah Kanapi. Sarampunge Kanapi, lajeng guru dateng Kambali. Sarampunge saking Kambali, lajeng mlebet guru dateng Maliki. Sarampunge Maliki lajeng mlebet dateng Sapingi. Sesampun ning rampung ganira puruhita. Jeng Molana sigra wangsul ing praja Banisarail.

Jeng Molana ingangkat jumeneng Sultan kasebet Sultan Mahmud rikala tahun babad 1330, sagunging para wadya sami binga-binga sarehing kang gusti sampun jumeneng Sultan. Langkung aman pribawa ning negara. Oliya Allah Tangala Kutubil Jaman Khalipatu Rasulullah Salallahu ngalehi wasalam.

Rasa ning ati

Kula mung bisa ngenteni
Naruh rasa ning ati
Mendem kangen unggal bengi
Gawe turu lali

Sore nyawang mangkate awan
Kelingan sampean ning lamunan
Kelingan bengen sering jalan jalan
Mlaku-mlaku bari gandengan

Bagen kula turu ora lali
Sing penting sampean ningali
Nyuwun doa ning Gusti Allah siji
Bari sabar kula diparingi

Ning endi bae anae
Bagen sepira bae panase
Sepira bae udane
Karo sampeyan bae pengene.

Cirebon, 2019

Yen bumi bisa nangis

Jaman bengen jare wong tua langit warnae biru
Sekiye kula ndeleng wis dadie abu-abu
Jaman bengen banyu kali katone bening
Sekiye kula kacaan bli katon maning

Panase gawe wong males
Atise gawe wong lemes
Nangapa dadi mengkenen?
Apa wis bli kaya bengen?

Mandeng sawah enake luwih
Sekiye wis panas perih
Ayu sedulur batur pada akur
Apa bli pengen maning gawe bumi adem lan subur?

Sekiye bumi nangis senajan bli krungu
Wong sing peduli ditunggu-tunggu
Bumi jaluk tulung
Tapi menusa mung luru untung.

Cirebon, 2019

Bahagiane wong tua

Ning endi bae uripe
Sepira adoh lungae
Ridho wong tua loro sing paling penting anae
Sing paling diluru ikhlase

Senajan due duit akeh
Lamon ning wongtua laka hormate
Langka artine
Sepira bae

Panas ning duwur endas
Ati wongtua sing paling ikhlas
Luru apa bae nganggo anake
Sing penting nemu bahagiane

Teka ning kapan bae
Bakal beli bisa bales jasane
Deleng anak rajin ngajie
Rajin sholate
Wong tua seneng laka padane

Cirebon, 2019

Davina Fauzia Nuurizzati saged diserat Davina mawon atawa Dap . Lahir teng cirebon , 22 oktober 2001 . Kula lare kaping setunggil . Gadahi 3 adi . Saniki kula siweg sinau teng SMA NEGERI 1 GEGESIK dados kelas 12 . Kula seneng warna abu-abu lan biru , hobie damel vidio klip , nulis, lan nembang. Saniki dados kordinator Divisi Jurnalists teng Sketsa Pribumi

Puisi-puisi LUSIANA

Akhir langka arti

Seturuté detik
Seturuté menit
Seturuté dina
Seturut turuté mboten krasa

Sekien cerita senja pelita sampun laka
Nangapa?
Si senja milih késah
Si senja milih mboten lupa

Si pelita?
Sampun bli kiyeng apa-apa
Sampun mboten peduli teng sapa-sapa
Sebab korengé krasa sanget

Senja lan pelita sampun mug kari cerita
Kenangané mboten bakal ilang tetep bakal wonten
Atanapii kanggo di ulang?
Sampun laka harapan apa-apa

Cirebon, 2019

Buruh

Semangaté membara
kanggé ngabdi sekuat tenaga
Balungé kuat ibarat baja
Lan tekadé setetegé asa
Senajan sering ngerasa kecewa
Pegel lan kringeté
Kedah réla dibayar seanaé

Mboten jarang tiyang-tiyang niku kedah nangis
geti
Sebabé tiyang ageng ikang mboten duwéni welas
asih
Cumi setunggil kepéngén
Keadilan kanggé kerja kerasé
Mboten janji bosok ingkang dibungkus permata

Cirebon, 2019

Penyerat, Lusiana asal teng desa gegesik lor kecamatan gegesik, lair teng cerbon tanggal 08 Februari, 2002 sekien umure sampun 17 taun. saniki sekolah teng SMAN 1 GEGESIK bade nikmati puyenge dados kelas rolas kang garep medal atawa lulus. Gabung teng Sketsa Pribumi kepanjing teng Divisi Sastra lan bahasa, Hobie nulis lan maos puisi

Diksi

Kanggé diksi niku perlu ruang
Kanggé atié niku perlu tenang
Kangge awaké niku perlu disayang
Kebangun diksi anaé ning ati
Senajan ning otak genaé isi

Lamon atié mboten tenang
Kepribén diksi mboten ngerasa dikekang?
Ungkapaken baé aja ana kang ditahan
Teras nulis, tetep semanget, lan
Kabahané uculakén

Cirebon, 2019

YARNEN, BAYAR UTANG PAS PANEN

dèning WAHYU IRIANA

Rekaman perjalanan Tome Pires kelawan judul "Summa Oriental of Tome Pires" wis ngelingake penulis pentinge peran pelabuhan ing Jawa kayadene Bantam (Banten), Pontang (Pomdam), Chegude (Cigede), Tamgaram (Tangerang), Calapa (Kelapa) lan Cimanuk ing abad kaping 16, dagang karo konsep barter ora bisa digunakake ing salawas-lawase, mulane kudu diganti nggunakake duit. Interaksi pedagang antarane wong pribumi lan komunitas mancanegara uga ngasilake macem-macem wangun varian budaya lan konsèp institusi sosial-ékonomi, babakan jeneng-jeneng désa-désa ing saubengé, lan akulturasi sing dumadi antarané tradhisi Arab, India lan Cina karo wong pribumi. Conto paling konkrit ing konsep transaksi perdagangan sing dilakokaké dening wong Arab kanthi sistem perdagangan yaiku "dibayar kanggo panen" (Yarnen). Analisis wiwitan saka penulis bisa dadi wong Arab sing manggon lan manggon ing papan strategis ora mung kanggo marta-kake ajaran Islam nanging nggenteni panen sing bakal teka amarga barang dagangan sing didol kridit kanggo wong pribumi mung bisa dibayar nalika panen tiba utawa sebutane (Yarnen). Penulis nguatake iki kanthi ngunjungi komunitas desa Arab ing Indramayu, Pamanukan (Subang) lan wilayah Cirebon ingkang panjelasan sing pawongan sing diwawancara sing hasil diwawancara nyatakake bab sing padha.

Yarnen minangka akronim utang dibayar pas panen. Yarnen minangka adat kebiasaan masyarakat Pantura, Jawa Barat kanggo nglunasi utang lan kepéngin kabutuhan dhasar panganan lan kabutuhan rumah tangga liyane, ora suku sebab ekonomi sing angel diluruh. Konsep sing diprentah kanggo panen utawa Yarnen ternyata wis sing awit bengen mula nalika jaman Blanda lan Kerajaan wis ana. Nalika duit digunakake minangka medium ijol-ijolan, persetujuan kanggo transaksi sampe pas Yarnen dadi populer ing kalangan petani pantura.

Konsep Yarnen ngreduksi mutere ékonomi sing terus gawé etika karya sing pantes ing menusa Dermayu Cerbon Pantura, utamané sing nyambut gawé dadi wong tani. Etika kerja minangka faktor penting kanggo kerangka masyarakat petani, utamane ing wilayah Dermayu Cerbon (Derbon). Utamané ndeleng kondisi fluktuasi lan potensial produk tetanèn. Iki minangka cara etika para petani ing Pesisir Lor Jawa Kulon (saka Krawang, Subang, Indramayu, lan Cirebon) bisa dideleng. Iki minangka latar belakang antusias penulis kanggo nganalisis etika karya para petani Pantura ing Jawa Barat liwat tradisi Yarnen.

Perlu kanggo *Achivement* (kabutuhan kanggo prestasi) komunitas tani pantura ing etika kerja mung dedasar rong perkara. *Sepisan* kabutuhan dasar urip. Kebutuhan dasar iki biasane nyakup mangan, nginung,

nyandang lan panggonan kabeh kabutuhan rumah tangga. Sing *kapindho* yaiku kulawarga, kulawarga, sing artine ing kene kepinginan petani kanggo nggawe keluarga seneng, yaiku anak lan garwane. Nyedhiyakaken duit kanggo bocah-bocah, belanja kanggo kabutuhan garwa lan liyane. Iki loro-lorone dianjurake lan digawe para petani Pantura nganti panen teka. Ing panen ujug-ujug ana partai Oplosan, tekane panen tiba-tiba lair, panen uga dumadakan niate nikah lan nikah maning, dadi apa sing kedadian yaiku panen kanggo wong-wong Pantura iku kabeh, nganti ambane mbayar utang barang sing dibeli credit kudu dibayar nalika panen (Yarnen). Saliyane agama ing perkara iki wis ngajari supaya akeh etika sing gegayutan karo etika paguyuban aktif lan dhuwur ing masyarakat tani ing Jawa Barat sing nggawe tugas kewajiban wong percaya lan Muslim. Nggawe mung cara sing winates kanggo mbatalake kewajiban minangka wong sing nduweni tanggung jawab ing kealuarga. Ajaran-ajaran ing agama bakal terus-terusan ing etika karya ora bisa diwujudake ing praktik konkrit dening para petani Pantura sampe cara sing relevan lan konsisten.

Kaitane karo etika lan hubungane karo agama kasebut dumaning ing kawicaksanan ajaran agama sampe maksimal ing masyarakat tani, utamane ing wilayah pesisir lor. Iki banjur nyebabake etika kerja masyarakat tani dadi kurang. Etika ing ajaran agama mung dimanger-teni minangka winates kanggo mbatalake kewajiban. Ora ana usaha kanggo nambah kewajiban (ajaran Agama) minangka motivasi kanggo etika karya masarakat petani supaya etika kerja masarakat tani. Ing kahanan etika karya komunitas tani ing Pantura wis tambah. Peningkatan etika kerja disebabake dening sawetara faktor sing nimbulaké. Faktor kapisan kayata tambah kebutuhan kalebu peningkatan tingkat pendidikan anak. Para wong tuwa kudu ngisi biaya pendidikan kanggo bocah-bocah sing wis munggah saka sekolah dasar menyang SMP lan liya-liyane. Deadline kanggo mbayar kanggo acara sosial sing dadi tanggung jawab lan kewajiban para petani sing melu ing acara sosial. Sing pungkasan yaiku kabutuhan kanggo sumbangan kanggo kepentingan partai-partai, mapag sri, sukuran lan hajatan (buwuh). Sumbangan kasebut kalebu beras, gula, mie seger kang ana regane kira-kira 50.000 - (buwuh). Kangge sumbangan liya ana ing bentuk duit sing disebut anjeng (buwuh). Iki Anjeng biasane antara 25.000 sampe 50.000, - Rupiah. Dadi, yen ana total sajrone siji keluarga sing ana 100.000, - rupane rupane saiki ana ing undangan kanggo acara masyarakat. Kapindho, potensial sumber daya alam sing akeh banget nyebabake angel kanggo panen wong liya. Faktor iki mung dipengaruhi dening faktor liya sing dadi titik utama kabutuhan para petani Pantura. Saliyane ningkatake

kesusastraan, ana uga faktor sing nimbulake kesusahan ing etika karya petani. Kaping pisanan iku lack potensial kanggo sumber daya pertanian, amarga gagal panen (jantung), ing kondisi iki petani biasane nglampahi wektu ing ngarep. Ora ana usaha kanggo nemokake proyek sisi. Kapindho yaiku pranyatan ajaran agama kanthi maksimal lan konsekwensi lan etika kerja diwatesi karo kewajiban sing ora diiringi usahane kanggo ningkatake pelaksanaan etika karya. Pihak katelu minangka pembantu dasar pamaréntahan, sanajan mung ana manfaat kanggo klompok utawa bagian tertentu sing ora saka ruang lingkup perusahaan kasebut dhewe. Rega dhuwur lan biaya pupuk, lan kesulitan banyu kanggo irigasi sing gawe wedi kanggo petani. Ora kanggo sebutna konsekuensi kena utang karo tengkulak kang akeh. Nanging apa sing kudu digatekake saka sawetara pengamatan, penjelasan infor-

masi lan analisis sing dianut dening penulis-penulis geopolitik sejati lan petani geocultures Pantura, ora mung nduweni nilai strategis sacara geografis, nanging uga wis ditemtokake ning visi kultural kasebut. Pantura masih dadi wilayah panggabungan pasar sing mbukak, inklusif lan demokratis, lan ekonomi maju. Apa sing bakal darmabakti minangka lapak kanggo sekabeh budaya, nyampur lan nyampur, mbentuk sub budaya sing unik, mandiri, otonom, lan modern. Pantura, kelawan historis minangka gambar saka Tome Pires wis ditemtokake minangka sawijining wilayah modern tanpa ninggalake *repertoire* tradisional sing uga perlu dilakoni terus-terusan supaya dadi ibukota budaya kanggo pengembangan peradaban ning jaman saiki lan sateruse. *Wallahu'alam*.

Penulis, Essais asal Jatibarang Indramayu. Nulis buku Petani Dermayu Jaman Jepang (Momi Kyoosyutu).



Sambungan saking kaca 11

Rééva : “Maksud sampéyan kita nyolong ? Kita kuh duwé kekuatan gedé. Kita kudu nulung wong.”

Sewisé ngobrol mengkonon, Fross ndelengaken urip mbésuk, kabéh hasil sing nyolong, yaiku gedung, duit, lan kekuasaan.

Fross : “Kepribén Rééva, masih kurang beli ?”

Rééva : “Waaaah....kita arep mulai.”

Ning salah siji dina, Fross mata-matai keluarga Stucker. Ning keluarga iku, Loma lagi duwé masalah karo lakiné, arané Marco. Akhiré kabéhané mutusaken kanggo ngajak Loma manjing tim.

Fross : “Kepribén kabaré Loma ?”

Loma : “Fross ! Pembunuh, Pemburu Anak Super ! Sampéyan duwé kekarepan apa ?”

Fross : “Beli akeh sih... Isun arep nawaraken ning sampéyan dadi tim isun.”

Loma : “Apa ? isun dudu pembunuh kang kejem kaya sampéyan kabéh.”

(Esmé ngongkon Fross ngehipnotis Loma).

Fross : “Aja ngelawan, manjing ning mobil lan mélu isun !”

Loma : “Iyaaa.... (Teka ning umah Rééva, Loma disadara-ken sing pengaruh hipnotis).

Loma : “Apa kang sira lakokaken ?”

Fross : “Isun arep nodokaken waktu sewisé sampéyan manjing tim isun.” (Fross nodokaken kesuksésané, duit, lan anak Loma kang bahagia.)

Loma : “Astaga....! Apa iku kang arep isun olih karo anak isun ?”

Fross : “Iyaa....”

Loma : “Ayo, isun setuju !”

Ning sewaliké kang dilakokaken Fross, Esmé sering ngelamunaken seduluré kang mati lantaran pemburu

anak super. Esmé masih duwé rasa kasih sayang lan melas. Pembunuhan kang pertama dilakokaken kabéhané yaiku ning bank.

Loma manjing lan mecahaken kabéh barang éléktronik lan nahan témbakan peluru. Fross ngehipnotis wong kang duwé bank supaya gelem ngewénékaken kabéh akte déké bank iku. Rééva mecahaken brankas duit bank karo nafas gema déké déwéké.

Esmé sering ngelamun ning tengah bengi. Déwéké mikiraken, yén kelakuané iku salah lan déwéké kudu nbéresi kabéh. Tapi percuma baé kanggo Fross, lantaran kabéhané wis beli duwé ati.

Ning dina sekikié

Esmé : “Rééva, isun mikiraken hal kang kabéhané rasakaken lantaran isun kabéh. Isun ngerasa kabéh kudu mandeg kanggo bebayani wong séjén.”

Fross : “Sira ngomong apa ?”

Loma : “Jaré isun, Esmé bener...”

Rééva : “Iya, lantaran isun kabéh beli bisa terus-terusan gawé wong sengsara.”

Fross : “Héh.... Awas sira Esmé....!”

Mulai dina kuwen, Esmé, Loma, lan Rééva wis beli jahat maning, iwal Fross kang masih nglakokaken kejahatan.***



NYIAPAKEN KARAKTER ANAK

déning **Kusyoto**

Bergiat di Dewan Kesenian Indramayu, komite Sastra

Selonjoran wesi ning tangan pande wesi ngasilaken pekakas sing dipengeni, ukurane, bentuke lan kegunaane, pralatan sing wesi iku digawe sesuai kepengenan karo nyelang energi panas asli sing jagat kang kasebut geni, iku uga pada bae karo karakter atanapi jati dirine bocah-bocah sing napaki kedewasaan, tapi inget bapa lan ibu, sing dipersiapaken ning kene iku atine bocah-bocah enom mau, bocah-bocah iku makluk unik ciptaane gusti Allah karo sejuta rahasiane, sejuta kemisteriusane, nanging ibu lan bapak aja pesimis dipit sebab salah sawijine sing dipilih iku biasane wis dipersiapaken, ibu lan bapak iku minangka wong-wong sing dipilih kanggo nyiapaken karakter lan jati dirine anak-anake, terus apa bae faktor sing ndukung ngebentuk karakter lan jati diri boah-bocah mau.

Pirang-pirang faktor sing ngebentuk karakter atanapi jati diri

Kaping siji lingkungan umah

Lingkungan umah akeh pengaruhe sebab bocah-bocah enom iku peniru ulung, apa sing dideleng lan disakseni sedina-dina secara sadar lan ora sadar ditiru sempurna pisan, dadi peran penting kerja bareng antara ibu lan bapak akeh pengaruhe ning karakter lan jati dirine bocah, ibarat kertas bocah-bocah iku lembaran kertas sing masih kosong lan siap dipoles seenake bapak lan ibu sebagai wong tuane, tapi kadang-kadang ning sejerone perjalanan akeh paktor sing nyebabaken bocah enom-enoman mau keilangan karakter lan jati diri asline, salah sewijine contoh lamon bapak lan ibu selalu mbanding-bandingaken anak-anak kita kabeh karo anak-anak e wong sejen, ngebandingaken kakang karo adine atawa sebalike dadi aja heran lamon besuk salah sewiji anak-anak iku dadi pribadi sing kurang percaya diri, ora yakin karo kemampuane dewek, kadang kala ning sejero perkembangan selanjute dadi pribadi sing ketutup.

Kaping loro batur-batur sedolanan

Kadang sebage wong tua kita-kita terlalu sibuk, repot karo duniane dewek tanpa peduli karo sapa anak-anak iku dolanan, sosialisasi, berintraksi, catur gunem unggal dinane, kita-kita sebage wong tua lebih peduli karo hape dewek-dewek dadi anak-anak terlantar lan ora keurus, kita wong-wong tua dadi ora kelingan sekadar nyapa anak kita sing arep mangkat sekolah, dolanan bahkan bocah-bocah mau arep turu kita wong tuane masih asik karo hape lan lektop, mangkane aja heran lamon anak-anak kita luwih nyaman ning sejabane umah, kumpul karo batur-bature sing ora jelas dari pada kumpul karo keluargane, embok lan bapane dewek.

Kaping telu ngerongkena keluh kesahe anake

dewek

Endah aken anak-anak kita ngoceh, cerita apa bae sing ana ning sejero atine, bebasaken anak-anak iku ngutarakena pendapatane lan gagasan uga usulane kadang ning sejero ocephane ana kejujuran ana sing pengen disampeaken ning wong tuane, sebab lamon ibu lan bapak bisa nangkep pesan sing masih nyusup ning sejerone kalbu ne anak bapak lan ibu mampu nggegem atine anak-anake.

Kaping papat luangaken waktu bagen sibuk sesibuk-sibuke kanggo anak

Bapak lan ibu sesibuk-sibuke kerja lamon anak-anak memerluaken jage tekani, sotaken hape lan lektope pokus ning kepengenane anak, ning endi bae, ning kantor komoh ning umah dewek kudu sregep lamon anak butuh jage dilayani, upai perhatian secilik apapun misal cuman ndelengaken lan ngerongkaken anak-anak iku ngupai weruh asil karyane berupa gambar lan sejene, tinggalaken dunia sosial media balik maning ning alam nyata, cukupi kepengennane supaya tercape apa sing dadi cita-citane. Lamon wis mengkonon sekabehe atine anak wis ana ning genggmane wong tuane.

Kaping lima upaana pujian lan elusan kasih sayang

Aktualisasi ne anak pengaruh karo kepribadiane besuk emben ning alam dunya, pujien anak-anak ibu lan bapak nalika olih prestasi lan gawe perbuatan bagus, wong tua sing bijaksana ora medit, ora pelit lan ora kucrit ngalem atanapi muji-muji kelebihan anake, ngacungaken jempol ning anak wis cukup gawe ati anak bungah lan ngerasa diregani, dianggep lan diperhatiaken apamaning karo elusan kasih sayang, ngelus-ngelus rambut bisa gawe anak seneng lan nyaman, anak-anak uga butuh rangkulan kasih sayang karo ibu lan bapane, rangkulan lan dekepan ning anak bisa ngelunakkaken atine sing akas.

Kaping enem budayaaken ucapan tulung lan maturkesuwun

Loro ucapan sakti mandraguna sing mampu ngatuaken perbedaan pandangan antara anak karo wong tuane, pengargaan duwur bagi anak yaiku pengakuan lan omongan iku, ucapan tulung lan maturkesuwun, anak ngerasa dibutuhaken lan di regani malakmandar upama anak-anak ngadepi masalah mampu ngatasi dewek sebab yakin ana bapak lan ibune sing siap ngebela.

Iku enem faktor sing pengaruh ngebentuk karakter lan jati diri anak, semoga artikel iki ngupai manfaat kanggo sekabehe, maturkesuwun.

Indramayu, 06 Desember 2019

KAMUS BASA CERBON-INDONESIA

Sumber: Kamus Bahasa Cerbon-Indonesia
terbitane Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Provinsi Jawa Barat

Ajab (ajab), *azab*.

Ajag (Ajag), *Jenis hewan (anjing)*.

Ajak/Ejak (Ajak/Ejak), *Ajak*.

Ajaib (Ajaib), *Ajaib*.

Ajang, (Ajang), *piring, wadah untuk makan*.

Ajar (Ajar), *Ajar, hajar*.

Contoh kalimat 1:

- Badhu diajar ning Bapané, nangisé beli uwis-uwis.
- Badhu diajar ning Bapané, nangisé beli uwis-uwis/ mendha-mendha.
- Badhu dipun ajar dening Bapané, nangisé mboten mendha-mendha.
- *Badhu dihajar (dengan sapu lidi) oleh Bapaknya, menangisnya tidak berhenti-henti.*

Contoh kalimat 2:

- Bu Guru lagi ngajari muridé cara nulis kang bagus.
- Bu Guru siweg ngajari muridé cara nyerat ingkang saé.
- *Bu Guru sedang mengajari muridnya cara menulis yang baik.*

Ajeg (Ajeg), *tetap*.

Ajeg, *tetap, tidak berubah jumlahnya (beli kurang sing jumlahe marene beli ngurangi) "Prawe cah ana sing kurang beli bobot kilograme". "Jawabe beli bareng diayomi nyatane ajeg"*.

Ajeng, diajeng-ajeng, *bahasa daerah halus/krama yang artinya depan, akan, tunggu (arep, bade, nuju arah) "Ditaro ning arep apa ning guri". "Dipun taro ning ajeng napa ning pengker". "Dipun ajeng-ajeng bade mriki"*.

Ajeng, *membantu kesibukan kerja dalam kegiatan hajatan, (rewang-rewang sewaktu sedulure tangga lagi duwe gawe hajatan) "Ema karo bapa lagi ajeng ning Pak Budi, sebab Pak Budi lagi duwe kerepotan arep ngawiaken putane". "Pajengane wis pada kumpul". Tingkah polahe sing beli bagus dadi laka ajine"*.

Ajeng (Ajeng, Badhe), *akan*.

- **Ajeng pundi** (Ajeng/ badhe pundi), *akan/ mau kemana*.

Ajér, sengar (Ajér), *wajah sebersit kecerahan*.

Ajer, *mencair dari kebekuan bergaul, wawuh maning, "Sekiye mah wis ajer maning"*.

Aji, ajian dadi ajen, *berharga terhormat (kajen, dihormati wong akeh) "Ajena tamu, ajenana wong lain, iku pada karo ngajen awake dewek. Anjining dirisaka/lantaran/busana/penganggo". Kenang Aji (Aji) Aji, kaji, hormat*.

- **Aji rasa** (Aji rasa), *rasa yang perlu dikaji*.
- **Diajéni** (Diajéni), *dihormati*.

Contoh kalimat :

- Lamun kita péngén diajéni tindak laku-lampahé kudu kang bener.
- Lamun kula péngén dipun ajéni tindak laku-lampah kedhah ingkang leres.
- *Bila kita ingin dihormati sebaiknya menerapkan tindak perilaku yang baik.*

Ajir (Ajir) *Berupa tenda yang terbuat dari kayu atau lainnya kemudian ditancapkan sebagai batas*.

Ajug (Ajug), *Keterangan s. d. a. (ajir), namun bendanya lebih besar*.

Ajur (Ajur), *hancur*.

Ajug-ajug, *yang dipancangkan sebagai patokan/ induk patokan dalam konstruksi suatu bangunan (kayu sing dipasang ngadeg/ dicangclebaken, kanggo patokan amba dawané pangwangunan iku arané ajeg-ajeg) "Kayu kaso kuwen baé dicangclebaken ning pengawat sisi pojok wétan, nak wis ajeg-ajeg iku ukuren ambané mengiwé lan playuné iku pirang meter dawané umah sing arep digawé"*.

Ajur, *lebur, hancu, larut mencair (ujud asalé ilang katoné séjén, rupa dari ancer) "Baka gulané wis ajur nembé diupati pati supaya buburé enak krasa manisgurih"*.

Akad (Akad), *minggu, ikrari*.

Akad, *nama hari, minggu (arané dina, akad, senén, Selasa lan seterusnya) "Sabén dina akad biasané Tirtamaya iku rameh kenang akéh wong sing pada tilik kaanan pinggir segaru sing sajeroné lingkungan Tirtamaya"*.

Akal, *akal, daya kreatif, pikir (budi, cipta, penemu, temuan pikir) "Nyatane akeh akale baka bocah kuwen mah aja sembarangan"*.

Akal, (Akal), *Akal*.

- **Ngakal** (Ngakal), *berpikir untuk mencari solusi*.
- **Ngakali** (Ngakali), *mengakal, berusaha mengambil sesuatu*.

Contoh kalimat :

- Ani lagi ngakali potlote kang kecemplung ning selokan.
- Ani siweg ngakali potlote ingkang kecemplung teng selokan,
- *Ani sedang mengakali pensilnya yang jatuh ke selokan.*

Akas, *tidak lunak, tidak lemas, sifatnya kaku/ keras atau tidak lentur (tumera-ping sega sing asal gawe karane kuang banyu dadi segane akas. Sifate kayu/ wila, sigaring pisan, akas) "Ari betek/ngliwet, adanya sega bagen sing cukup banyu karena amber lemes, aja akas". "Emataken wila, sing garing lan rada gede, sing akas, aja sing lemas"*.

Akas (Akas), *Kuat, keras*

SARI KACANG IJO

déning **SULASNURPENI**

Sari kacang ijo ngrupakaken salah siji inuman kang duwé rasa énak. Séjéné rasané énak, inuman sari kacang ijo ngandung macem-macem vitamin lan gizi kang bagus kanggo awak. Rasané kang manis lan gurih kang gawé wong ketagihan nginumé.

Inuman sari kacang ijo cocog diinum ning kabéh wong. Sing awit bocah cilik sampé tekan wong tuwa bisa nginum inuman sari kacang ijo. Cara gawé inuman sari kacang ijo iku gampang pisan. Bahan-bahan kang diperlokaken kanggo gawé inuman sari kacang ijo uga gampang digulati.

Ning sor iki diwedaraken bahan lan alat kang disiapaken kanggo gawé inuman sari kacang ijo uga cara gawéné.

A. Alat-alat.

- Panci cilik lan gedé.
- Céntong kayu.
- Blénder.
- Saringan téh.

B. Bahan-bahan.

- | | | |
|---------------|---|-----------------|
| - Kacang ijo | : | 250 gram |
| - Gula abang | : | 250 gram |
| - Gula pasir | : | miturut seléra. |
| - Uyah | : | 1 sendok teh |
| - Santen kara | : | 2 bungkus |
| - Banyu | : | 1,5 liter |

C. Cara gawé inuman.

1. Kn wis adem, anjingaken inuman sari kacang ijo ning botol, acang ijo dikumbah bersih, ditus.
2. Banyu digodog sampé umeb.
3. Kacang ijo dianjingaken ning godogan banyu kang wis umeb, tunggoni sampé kacang ijo mekar.
4. Kacang ijo lamun wis adem, diblénder.
5. Gula abang lan gula pasir digodog, terus disaring.
6. Banyu, godogan gula, uyah, kacang ijo alus, lan santen kara digodog sampé umeb.
7. Lamusimpen ning kulkas.
8. Lamun wis atis, inuman kacang ijo siap diinum.



AJA BRIBIN JONDOL

déning R.Y. ADAM PANJI PURNAMA

Wis olih seminggu minggu kien, Lamsijan ora bisa turu jenak. Unggal bengi mang Kandeg, tangga umahe, sok geherungan ora kaya wong kelaran-laran. Ngomong nggremeng ora jelas. Ora mung sejam rong jam, lan biasane seuwise tengah bengi nembe kuh mang Kandeg rame berek-berek. Arep diparani watire disangka melu campur urusan rumah tanggae uwong, ora diparani bokat ana apa-apa kang nyangkut keselamatan tanggae. Lamsijan kepikiran, bari penasaran apa kang diomongaken mang Kandeg. Kupinge mulai dipasang, remeng-remeng mulai rada jelas kang diomongaken mang Kandeg. Ya maklum kampung sepi, kodok sing ning sawah bae krungu.

“Uwis..... ora..... aduuuuuuuhhh.....,” suara mang Kandeg sing krungu mung kuen. Lamsijan nambah penasaran, deweke mudun sing peturone, metu meng pawon kang lewih parek jarake sing umah tangga iku.

“Sikile mi....., aduh ngalih meng dengkul....., ngalih maning meng betis mi.....,” sada jelas suarae mang Kandeg. Lamsijan mulai ngerasa paham, rupane mang Kandeg lagi lara. Niate sukiki arep diparani umahe, lan deleng keadaane. Lamsijan manjing lan munggah ning peturon nerusaké turue.

Esuk-esuk Lamsijan nekani umahe mang Kandeg, arep negesaken kahanan lan kondisie. Bokak kudu gage ditulung, utawa digawa berobat. Maklum mang Kandeg uripe mung loroan karo rabine bae, anake loro-loroane melu TKI meng luar negeri. Sing arepan umah katon sepi, masih pada tutupan, langse lan jendela gah masih ketutup rapat. Deg..., rasa watir lan wedi ana apa-apa kedadean ning umahe mang Kandeg manjing ning pikiran Lamsijan. Alon-alon Lamsijan marani lawang sing masih ketutup, lampu ning teras masih murub. Ana rasa ragu-ragu jerong atine, tapi minangka pejabat RT kang kudu ngayomi masyarakat deweke kudu weruh kahanan sebenere. Rada suwe deweke ngadeg ning arepan lawang, akhire atie teteg nganggo ngedog-dog lawang

“Tok....tok....tok....., assalamu'alaikum..... punten.....,” Lamsijan ndog-dog lawang bari ngucapaken salam alon. Langka sing nyemauri. Sepi...

“Tok....tok....tok....., assalamu'alaikum..... punten.....,” Lamsijan ndog-dog lawang rada banter, masih langka kang semaur.

“Dog....dog....dog....., assalamu'alaikum..... punten....., puuuuunteeen.....” Lamsijan ndog-dog lawang banter bari ngucapaken salam banter. Krosak....krosak.... ana suara sing jero umah, kaya kang buru-buru. Lawang dibuka, bi Rondasih rabie mang Kandeg katon nembe tangi turu. Rambute masih riyab-riyab, lan mata tuwae kaya abot pisan nganggo melek.

“Mangga,” suarane alon setengah mbisiki. Bari clingak clinguk deleng jero umah.

“Kenang apa mang Kandeg kuh Bi ?” Lamsijan nakoni.

“Stttttt....., aja banter-banter ngomonge,” bi Rondasih ngupai weruh bari jrijie nempel ning lambe. Lamsijan nambah keder, lan penasaran, ana kedaden apa sebenere. Kenang apa blolih banter-banter ngomonge.

“Aja bribin...., ko mang Kandeg tangi. Deweke nembe bae bisa ngeliyep turu. Kita gah nembe bae keturon. Mene...mene... kaborane ning rada meng jaba bae,” bi Rondasih ngejak Lamsijan geser meng teras.. Nurut bae digered ngadohi lawang, bari melu clingak-clinguk. Lamsijan nambah penasaran, sebenere kenang apa mang Kandeg kuh, atie nambah keder. Duh ana apa sebenere.

“Iya bi, reag kih keder, arep takon salah, ora takon salah. Mau bengi gah arep nekani mene, tapi bokak kien mah urusan rumah tangga. Tapi ya suwe-suwe reag minangka tangga lan RT kudu weruh, dalal kien gah....,” Lamsijan melu alon suarane.

“Kita gah arep jaluk tulung maune mah, tapi watir bokak ngganggu. Keder yonganane, arep jaluk tulung tapi wedi mamang Kandeg nyewot. Weruh dewek gerung-gerunge santer. Ora jaluk tulung, wong suwe-suwe kita ora kuta,” ana banyu mili sing mripate bi Rondasih. Lamsijan ora tegel deleng bi Rondasih brebes mili.

“Ora papa bi, baka bisa tak tulung ya tak tulungi. Arane gah tangga, dulur kang paling parek. Mangga baka arep cerita, lan kudu priwe reag nulunge,” Lamsijan melu brebes mili.

“Maune mah bokak kuh mung ngelindur, mang Kandeg sok tangi bengi lan ngelamun ning pojokan. Kadang katon kaya ngenes pisan, tapi ora ana omonge. Ditakoni kenang apa, ya ora ngewangsuli. Dijak kaboran ya biasa. Tapi baka ditakoni menggalih apa sampe sering tangi bengi kuh, deweke langsung klakep meneng,” bi Rondasih kaya abot. Lamsijan nambah penasaran, kenang apa sebenere la nana kedadean apa kang gawe mang Kandeg dadi mengkenen.

“Wingi-wingi tak undangaken wong pinter, bokak mang Kandeg kuh kesambet apa priwe. Bokak deweke salah ucap utawa sembarangan ning genah sungil,” katon pisan bi Rondasih rada putus asa.

“Jare wong pinter mah jeh, mang Kandeg nyenggol penunggu kali, dadi sikile sok lara, kenang dukun wis dipai banyu nganggo diborehi ning sikil. Tapi angger bae, langka hasile,” bi Rondasih nambah ngenes.

“Aduuuuuuuuhhhh....aduuuuuhhhh...!” mang Kandeg beberekan sing jero umah. Bi Rondasih keder,

Lamsijan uga. Gage wong loro mlayu manjing umah, sampe jero umah bi Rondasih langsung mejeti sikile mang Kandeg. Lamsijan wis ngadeg ning pinggire mang Kandeg, duh melas temen ya, awake wis gering.

“Mang.....” Lamsijan rada mangmang tapi ngewaniaken arep takon kahananane. Mang Kandeg delengaken Lamsijan, matae kaya rada kosong lan katon akeh sing ditanggung rasa.

“Mang...., kula ..,” Lamsijan durung sempet mragataken omongan wis dipegot ning Mang Kandeg

“Jan....., tulungi reag Jan..., tulungi reag....,” matae mang Kandeg ndadak brebesmili. Nangis sesenggrukan. Lamsijan durung wani nakon deleng kahanan mengkenen. Bi Rondasih gage ngemet nginum, supaya lewih tenang.

“Mangga mang, pripun... kula siap nulungi mang. Napa sing diwiraosaken, bilih mawon mungkin dipilari dalan medale,” Lamsijan nyoba ngomong tenang, padahal atine wedi uga.

“Sikil Jan.... dengkul.... Wentis.... Aduuuuhhhh,” mang Kandeg bari narik sarunge ndelengaken kahanan sikile. Lamsijan deleng kahanan sikile dengkul rada semu abang kaya abuh.

“Wis mengkenen bae mang, reag arep nyusuli dokter ning puskesmas. Insyallah deweke gelem marani mene baka wis rada sepi ning puskesmas. Ko urusan segala maceme wis ko reag sing ngurus ya,” Lamsijan nangingaken mang Kandeg. Lamsijan terus pamit, mangkat langsung meng puskesmas nemoni dokter ngelaporaken kahanan lan priwe-priwe sing dialami mang Kandeg.

“Ngoten pak Dokter, kula nyuwun tulung supados pak Dokter saged teng griyane mang Kandeg. Pertama memang mang Kandeg boten saged dipaksa mlampah. Kapingkalih, ya niku maklum wong kuna pak Dokter, dados wedos teng dokter cape sih wedos disuntik jeh,” Lamsijan ngupai keterangan tambahan.

“ha...ha...ha..., enggih boten napa-napa. Biasa niku mah, padahal jaman sekien wis arang nyuntik kuh ya. Wis mengkenen bae. Ko ba'da Duhur sampean mene, terus bebarengan meng umahe mang Kandeg ya,” pak Dokter ngupai waktu.

“Enggih pak, mangga mungkin kula mriki malih,” Lamsijan seneng atine, terus pamit arep meng sawah dikit.

Awane, Lamsijan mapag pak Dokter terus meng umahe mang Kandeg. Awale mang Kandeg kaget, ana rasa wedi, baka ora lara sikile mah kayae wis mlayu. Mung kenang ora bisa apa-apa, ya pasrah sing ana.

“Hmmm... aja wedi mang.... Tenang bae, ora bakal tak suntik...hahaha,” pak Dokter ngeguyoni mang Kandeg sing katon wedi-wedi isin. Pak Dokter langsung ngebuka sarung sing nutupi sikil sing didongengi mau kenang Lamsijan pas ning Puskesmas. Di emek, diteliti supaya ketemu penyakite.

“Sebenere, kudu cek darah supaya lewih pasti bener ora sing tak sangka kien, kien ning persendian

dengkul ana kaya abuh. Ana kaya acak dicokot serangga, ko delat maning dadi bisul. Dadi ana infeksi kenang dicokot satoan, ya semodel kaya tawon mengkonon lah. Kien lara ora?” pak Dokter ngeguyoni bari mencet sebelahe sing lara.

“Aduuuuuuuuuuuuuuh.....,” mang Kandeg njerit kaget. Padahal sing larae mah ora diapa-apakaken.

“Ampun pak Dokter, iya kayane mah reag ngerasa ana sing nylekit pas lagi liwat tanggul kali. Terus rada gatel. Terus embuh, rasane kaya panas atis, lan dadie mengkenen. Wedie reag beneran nyenggol sing baureksa tanggul,” mang Kandeg mulai wani ngedongeng.

“Tak upai obat bae ya, ko tak titipaken kang Lamsijan. Obate ana ning Puskesmas. Wis istirahat bae dikit, sekalian kula pamit ya,” pak Dokter nyalami mang Kandeg sing mulai tenang sebab jare dokter ora patia parah. Lamsijan nganteraken maning pak Dokter meng Puskesmas, jerong ati mah ana kegugu ana melas. Ya priwe maning kewajiban tangga ya kudu tulung tinulung. Pikirane priwe carane supaya mang Kandeg engko ora jerit-jerit pas bengi.

Tekang ning puskesmas, dokter ngongkon mantri nyiapaken obat, terus dienakaken meng Lamsijan bari dijelasaken. Sing diinung ana telung macem obat, diinung sedina ping telu. Salep sing diolesaken uga dipai. Jare mantra sing diinung ana kang nganggo nahan lara supaya bisa istirahat turu, supaya gelis waras. Nah... metu akale Lamsijan, supaya mang Kandeg ora jerit-jerit baka kerasa. Seuwise pamit karo pak Dokter lan pak Mantri, gage-gage Lamsijan balik maning meng umahe mang Kandeg.

“Ssssstttt, aja bribin ya..., iki salep diolesaken ning wilayah dengkul. Kien obat sing diinung sedina ping telu,” Lamsijan nodokaken pil sing diinung mung loro sing kantong klambie.

“Ssssstttt, nah kien sing kudu ati-ati. Aja bribing, kien obat tidur. Blolih bribing, ko obate tangi baka rame. Kien diinung sedina ping telu. Mang Kandeg gah blolih jerit-jerit. Bokot obate ko tangi ora manjur, kan arane gah obat tidur. Baka lara tahan nafas istigfar bae, ko gah ilang larae,” Lamsijan alon-alon nitipaken obat. Terus pamit balik.

Bengie umahe mang Kandeg wis katon sepi, Alhamdulillah, Lamsijan bisa turu anteng. Moga-moga obate manjur, lan mang Kandeg gage waras. Tangi esuk rasane seger pisan. Pas Lamsijan buka lawang arep, wis ana bi Rondasih bari gawa obat dibuntel sarung.

“Ssstttt, Jan.... kita jaluk tulung. Priwe baka obat tidur kien tak titipaken ning dika bae. Rasane kita kudu ngeloni kien obat watir tangi, lha mang Kandeg masih sok gegerungan. Tulung ya Jan sssstttt aja bribing,” bi Rondasih nyimpen obat dibuntel sarung ning korsi teras umahe Lamsijan.

Lamsijan ora sempet ngomong, ora sempet ngewangsuli, deweke deleng obat dibuntel sarung. Duh....duh..... Aja bribing.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
BADAN PENGEMBANGAN BAHASA DAN PERBUKUAN

Agenda Kegiatan Balai Bahasa Jawa Barat



Pengawasan dan Pengendalian Media Massa,
Malam Sastra, Bengkel Bahasa, Musikalisasi Puisi,
Gebyar Pendidikan dan Kebudayaan,
Sayembara Penulisan Bahan Bacaan Literasi,
Pengayaan Kosakata,
Penelitian Bahasa dan Sastra

Sayembara Penulisan
Bahan Bacaan Literasi,
Pengujian Kemahiran Berbahasa
Indonesia bagi Tenaga Profesional
dan Calon Tenaga Profesional,
Penyuluhan Kemahiran Berbahasa
Indonesia bagi Tenaga Profesional
dan Calon Tenaga Profesional,
Malam Sastra, Bengkel Bahasa,
Musikalisasi Puisi,
Pelatihan Pengembangan
Strategi dan Diplomasi Kebahasaan,
Gerakan Literasi Nasional 2019



Festival Musikalisasi Puisi
Pemilihan Duta Bahasa Jawa Barat
Pemilihan Duta Bahasa Pelajar Jawa Barat

Pemilihan Duta Bahasa Jawa Barat,
Pemilihan Duta Bahasa Pelajar Jawa Barat,
Penyuluhan Bahasa Indonesia:
Penggunaan Bahasa di Ruang Publik,
Jambore Sastra



Pengawasan dan
Pengendalian Badan Publik

Jejaring Kemitraan BIPA,
Pengawasan & Pengendalian
Penggunaan Bahasa di Ruang Publik,
Malam Sastra, Bengkel Bahasa, Musikalisasi Puisi,
Sayembara Penulisan Bahan Bacaan Literasi,
Pelatihan Literasi bagi Tenaga Pendidik,
Gerakan Literasi Nasional 2019

Festival Musikalisasi Puisi
Pemilihan Duta Bahasa Jawa Barat
Pemilihan Duta Bahasa Pelajar
Jawa Barat

Seminar Hasil Penelitian Tiga Kementerian,
Penyuluhan Bahasa Indonesia
bagi Badan Publik,
Penyuluhan Bahasa Indonesia
bagi Media Massa

Kertas Kerja
Gerakan Literasi Nasional 2019
Penyuluhan Bahasa Indonesia:
Penggunaan Bahasa di Ruang Publik



